O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI XALIQ TA`LİM WA`ZİRLİGİ

A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK
PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTİ

PEDAGOGİKA FAKULTETİ

PEDAGOGİKA HA`M PSİXOLOGİYA KAFEDRASI

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**Tema:** Shaxs qa`liplesiwinde sırtqı sotsial ortalıqtın` ta`siri.
(O`spirimlik da`wiri mısalında).

**Orınlawshı:** « Pedagogika ha`m psixologiya» ta`lim bag`darının`
4 – « G» kurs talabası: Bisenbaeva Ramiza

İlimiy basshı: ps.i.k., dots. Z.Klıcheva

Kafedra baslıg`ı: ps.i.k.,dots. Z. Sherimbetova

NO`KİS – 2017 jıl.

**KIRISIW**…………………………………………………………...3

**I.BAP. O`spirimlik da`wrinde shaxs qa`liplesiwi mashqalasinin` pedagogika ha`m psixologiyada u`yreniliwi** ………………...………7

1.1. Shet el ha`m jergilikli pedagog – psixologlar shaxsliq sipatlardin` qa`liplesiwi ha`m ja`miyetlesiw haqqinda…………………7

1.2. Ha`r qiyli jas da`wirinde shaxstin` ja`miyetlesiwi mashqalalari…………………………………………………………24

1.3. O'spirimlik da`wirinin` psixologiyalıq o`zgeshelikleri………39

1.4.Insannin` shaxs sipatinda qa`liplesiwi ha`m sotsial ortaliqtin` orni……………………………………………………………48

**II.BAP. O'spirimlik da`wrindegi shaxsinin` qa'liplesiwinde sirtqi sotsialliq ortaliqtin' rolin eksperimental u`yreniw**………….58

2.1. Sotsial psixologiyaliq maslasqanliq xarakteristikalarin u`yreniw metodikasi (F.K.Rodjers, R.Daimond)…………………………...58

2.2. O`zin-o`zi bahalaw boyinsha metodika………………………64

2.3. O`zin`izdi bilesiz be? testi………………………………………65

**JUWMAQLAW**…………………………………………………71

**PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR**………………………73

**QOSIMSHALAR (slaydlar)**………………………………..75

# K I R I S I W

G`a`rezsizlik jillarinda ma`ha`lle turmisi menen baylanisli ko`plegen qa`diriyatlar, salt-da`stu`rler qayta tiklenip, zaman talaplari tiykarinda bayip barmaqta. Usinin` menen birge, ma`ha`llenin` huqiq ha`m wa`killikleri ken`eytirilmekte, olar bu`gin o`zin-o`zi basqariw mekemesi, haqiyqiy demokratiya mektebi sipatinda ken` ko`lemli jumis alip barmaqta. Ma`mleketshiligimiz tariyxinda birinshi ma`rte “ma`ha`lle” tu`sinigi Konstitutsiyamizg`a kirgizilip, onin` ja`miyet basqariwindag`i orni ha`m statusi qatan` belgilep berildi. Ma`ha`lle basqariwina bunday u`lken itibar bu`gin ma`mleketimizde alip barilip atirg`an siyasattin` xaliqshillig`inan derek beredi. Sonin` menen birge ol elimizde a`melge asirilip atirg`an “Ku`shli ma`mleketten – ku`shli ja`miyetke qaray” degen printsiptin` a`meliy ko`rinisi bolip, ruwxiy turmisimizdi ja`ne de bekkemlew, jas a`wladtin` sana-sezimin zamanago`y tiykarda qa`liplestiriw boyinsha u`lken a`hmiyetke iye bolmaqta.

Ba’rkamal a’wlad ya’ki ka’mil insan ideyası – ha’m milliy ha’m ulıwmalıq a’hmiyetke iye bolg’an, adamzat fizikalıq ka’millikti payda etken, onı ba’rqulla jaqsılıqqa baslaytug’ın ideya bolıp esaplanadı. Solay eken, g’a’rezsiz ma’mleketimizde ha’r bir shaxstı, a’sirese, o’sip kiyatırg’an, a’wladımızdı ha’r ta’repleme rawajlandırıwdın’ ilimiy ha’m a’meliy tiykarların jaratıw barlıq pa’nlerdin’ aldında turg’an quramalı ha’m a’hmiyetli ma’selelerden biri bolıp tabıladı. Bul protsesste pa’n shaxstı ha’r ta’repleme rawajlandırıw ushın za’ru’r bolg’an en’ na’tiyjeli sha’rt – sha’rayatların u’yrenedi. Ha’mde shaxstı rawajlanıw nızamlılıqları ha’m ko’rsetkishlerin, za’ru’rli faktorların biliwge, shaxstın’ qa’liplesiw basqıshların anıqlaw menen birge bul protsesste ta’lim – ta’rbiyanın’ ha’mde shaxs aktivliliginin’ za’ru’rligin ha’r ta’repleme ashıp beredi.

İnsan shaxsı ha’m onın’ qa’liplesiwi ma’seleleri menen pedagogika menen bir qatarda filosofiya, psixologiya, sotsiologiya, genetika, meditsina sıyaqlı pa’nler shug’ıllanadı.

İnsan shaxsnın' rawajlanıwı qıyın, quramalı protsess, ol ko'plegen ishki ha'm sırtqı ta'sirler ha'm faktorlar arqalı ju'zege shıg'adı.

İnsan tiri eken, pu'tkil o'miri dawaında o'sip, rawajlanıp, o'zgerip baradı. Balalıq, o'spirimlik ha'm jaslıq jıllarında shaxstın' qa'mal tabıwı anıq ko'zge taslanadı.

Rawajlanıw degende, biz shaxstın' ha'm fizikalıq, ha'm aqılıy ha'm ruwhıy ka'mal tabıw protsessin tu'sinemiz. Psixologiya ha'm pedagogika pa'ni rawajlanıwdı biologiyalıq ha'm sotsial o'zgeshelikleri o'zara bekkem baylanıslı bolg'an bir pu'tin na'rse dep esaplaydı. Adam balasının' shaxs sıpatında rawajlanıwı ha'r ta'repleme ka'mal tabıwdın' na'tiyjeli bolıwına erisiw maqsetinde pedagogika ha'm psixologiya pa'nlerinin` rawajlanıwdın' nızamlılıqların og'an ta'siretiwshi faktorlardı, sonday – aq, shaxs kamalatında ta'lim-ta'rbiya ha'm de xızmettin' ta'siri ha'm a'hmiyetin anıqlaydı ha'm analiz qıladı. Belgili bolg'anınday, adam shaxs sıpatında du'n`yag'a kelmeydi, ba'lkim onın' qa'liplesiwi aldı menen turmıslıq sha'rayatlarg'a aylanıslı bolıp esaplanadı. Shaxs o'miri dawamında quramalı rawajlanıw protsesin bastan keshiredi, na'tiyjede shaxsqa aylanadı. Sol sebepli shaxstı belgili sotsiallıq tizimnin' o'nimi dep tu'siniwimiz lazım.

Ortalıq – bul shaxsqa ta'sir etiwshi waqıya ha'm ha'diyseler kompleksi bolıp esaplanadı. Bular` ta'biyg'ıy ortalıq(geografiyalıq, ekologiyalıq), sotsiallıq ortalıq (shaxs jasap atırg'an ja'miyet) shan'araq ortalıg'ı ha'm basqalar kiredi.

Bular arasında sotsiallıq ortalıqtın', yag'nıy shaxs jasap atırg'an ja'miyettin' insan ka'milligi ushın jaratılıp atırg'an imkaniyatları a'hmiyetli rol` atqaradı. Ga'rezsiz O'zbekistanımızda ta'lim sistemasın jan'alaw, kadrlar tayarlaw milliy da'stu'rinin' qabıl etiliwi ba'rkamal a'wladtı jaratıwdag'ı da'slepki qa'demler bolıp tabıladı. Shaxs rawajlanıwına erisiw ha'r bir ja'miyette a'melge asırılıp atırg'an ta'rbiya tizimi arqalı a'melge asırıladı. Ta'rbiya arqalı insandag'ı rawajlanıw imka'niyatların ju'zege shıg'arıw mu'mkin. Ta'rbiya protsesinde anıq maqset ha'm reje tiykarında shaxsına ta'sir etiledi. Bunın' na'tiyjesinde ortalıqtag'ı waqıyalardın' durıs na'tiyjeli ta'sirin a'melge asırıw imkaniyatı

tuwıladı. Ortalıq bere almag'an na'rseler ta'rbiya arqalı payda etiledi, ha'tteki ta'rbiya sebepli shaxsta tuwma kemshiliklerdi de o'zgertirip shaxstı ka'malg'a jetkeriw mu'mkin. Bunnan tısqarı ortalıqtın' unamsız ta'siri sebepli ta'rbiyası izden shıqqanlardı da qayta ta'rbiyalaydı. Rawajlanıw shaxs xızmetinen tısqarıda bolmaydı. Sol sebepli adam xızmeti onın' rawajlanıwı ushın tiykar boladı. Durıs sho'lkemlestirilgen ha'r qanday xızmet oyın bolsın, yaki miynet, oqıw, sport ha'm basqalar shaxstın' rawajlanıwına ha'm ja'miyetlesiwine ta'sir ko'rsetedi. Shaxs u'lkeyip barg'an sayın onın' xızmeti de mazmunlıq jaqtan da, formalıq jaqtan da o'zgerip baradı, tu'rli jas da'wirlerinde bolsa xızmet tu'rleri de o'zgerip baradı. Sol sebepli bala o'mirinde oyın, oqıwshı o'mirinde oqıw, u'lkenler o'mirinde miynet xızmetleri u'lken a'hmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Usılardan kelip shıg'ıp, bu'gingi ku'nde insan shaxsının' qa'liplesiwinde sırtqı sotsiallıq ortalıqtın' roli, ja'miyetlesiwi, rawajlanıwı, onın' shan'arag'ında, ja'ma'a'tte ha'm ja'miyette o'z ornın iye bolıwı, o'zine ha'm o'zgelerge tuwrı qarım qatnasta bolıwın u'yreniw **izertlew jumısımızdın' aktuallıg'ın** ko'rsetip beredi.

**İzertlew jumısımızdın' maqseti`** shaxs qa'liplesiwinde sırtqı sotsial ortalıqtın' ta`sirin anıqlaw.

**İzertlew jumısının' predmeti`** shaxs qa'liplesiwine sırtqı sotsial ortalıqtın` ta`sirin u'yreniw.

**İzertlew jumısının' ob`ekti`** o'spirimlik da`wiri.

**İzertlew jumısının' wazıypaları`**

- İlimiy miynetler menen tanısıw ha`m analiz qılıw.
- Shet el ha`m jergilikli pedagog-psixologlar shaxsliq sipatlardin` qa`liplesiwi ha`m ja`miyetlesiw haqqinda tu`sinik beriw.
- Ha`r qıylı jas da`wirinde shaxstin` ja`miyetlesiwi mashqalalarina analiz beriw,
- Ospirimlik da`wirinin` psixologiyalıq o`zgesheliklerine sıpatlama beriw.
- Insannin` shaxs sipatinda qa`liplesiwi ha`m bunda sotsial ortaliqtin` ornin u`yreniw.

**İzertlew jumısının' metodları:**

– Baqlaw

– Sawbetlesiw

– test

– Sotsial psixologiyalıq maslasqanlıq xarakteristikaların u'yreniw metodikası (F.K. Rodjers, R.Daymond)

– Shaxstın' o'zin-o'zi bahalaw metodikası.

– O`zin`izdi bilesiz be? testi.

**İzertlew jumısının' teoriyalıq a'hmiyeti:**

U'yrenilgen a'debiyatlar ha'm o'tkerilgen izertlew na'tiyjelerinen alıng'an teoriyalıq mag'lıwmatlar, pedagogika ha'm psixologiya pa'nleri tarawlarınan jas ayırmashılıq ha'm pedagogikalıq psixologiya, o'spirimlik da'wirleri psixologiyası, sotsial psixologiya, sotsial pedagogika pa'nlerin teoriyalıq derekler menen bayıtıwg'a xızmet etedi.

**İzertlew jumısının' a'meliy a'hmiyeti:**

İzertlew na'tiyjelerinen alıng'an mag'lıwmatlardı ta'lim mekemelerinin' a'meliyatında qollaw, ta'lim protsesinde talabalardın' ta'lim orınlarına, ja'miyetke beyimlesiwine, ja'miyetlesiwine ja'rdemlesiwine ken' imkan beredi.

**İzertlew jumısının' ilimiy jan`alıg`ı:** shaxs qa'liplesiwinde sırtqı sotsial ortalıqtın' ta`siri haqqında sıpatlama, mag`lıwmatlarg`a iye boldıq ha`m onı anıqlawshı usıllar wyrenildi.

**Jumis du'zilisi** 2 bo`lim quraydi: kirisiw, ilimiy teoriyaliq, a`meliy metodikaliq, juwmaqlaw. Jumistin` son`inda paydalang`an a`debiyatlar dizimi ha`m slaydlar berilgen. Jumistin` ulima ko`lemi ***75* bet.**

# I.BAP. O’SPIRIMLIK DA’WIRINDE SHAXS QA’LIPLESIWI MASHQALASININ` PEDAGOGIKA HA`M PSIXOLOGIYADA U`YRENILIWI

## 1.1. SHET EL HA`M JERGILIKLI PEDAGOG – PSIXOLOGLAR SHAXSLIQ SIPATLARDIN` QA`LIPLESIWI HA`M JA`MIYETLESIWI HAQQINDA

Ha’r bir ja’miyette shaxstın’ qa’liplesiwi, kamal tabıwı a’hmiyetli ma’selelerden esaplanadı. Sol sebepli shaxstın’ qa’liplesiw ma’selelerine durıs jantasıw ushın shaxstın’ ta’biyatın, du’zilisin, onın’ minez – qulqın ha’m og’an ta’sir etiwshi sebep ha’m qurallardı biliw za’ru’r.

Shaxstın’ rawajlanıw protsesi bir qansha faktorlar ta’sirinde a’melge asırıladı. Bular na’sillik, yag’nıy biologiyalıq faktor ha’mde ortalıq, ta’lim ha’m ta’rbiya, shaxs aktivliligi shaxısı qa’liplestiriwdin’ tiykarg’ı faktorları dep tu’siniledi.

Belgili bolg’anınday, shaxs, insan tiri organizm, sol sebepli onın’ o’miri biologiyanın’ ulıwma nızamlılıqlarına, jaslar anatomiyası ha’m fiziologiyasının’ arnawlı nızamlılıqlarına boysınadı.

Shaxstın’, a’sirese balanın’ fizikalıq rawajlanıwı, den – sawlıg’ı biologiyalıq faktorlarg’a baylanıslı. Biologiyanın’ tiykarg’ı tu’sinigi bolg’an genotiptin’, yag’nıy balanın’ na’sildin’ roline alımlarımız ayrıqsha itibar bermekte. Ha’r bir bala insanlarg’a ta’n tuwma o’zgeshelikler menen du’nyag’a keledi. Solay eken, adam balası tuwılg’annan son’ onda shaxs bolıp qa’iplesiwi, jetilisken insan bolıp u’lkeyiw imkaniyatı payda boladı. Bala o’zinin’ ata – babalarınan ko’pg’ana biologiyalıq belgilerdi miyras sıpatında qabıl etip aladı, ha’tteki ayırım kesellikler de na’silden na’silge o’tedi. Biologiyalıq faktorlar shaxstın’ fizikalıq rawajlanıwına da ta’sir ko’rsetedi. Solay eken, salamat ata – anadan salamat perzent du’nyag’a keliwin umıtpaslıg’ımız lazım.

O’zbekistan Respublikasının’ birinshi Prezidenti I.Karimov «Salamat a’wlad degende, men, en’ aldı menen salamat na’sildi, tek g’ana fizikalıq jaqtan salamat

g'ana emes, sonın' menen birge ruwhı, pikiri salaat, iyman- isenimi pu'tin, bilimi, ruwhiyatı joqarı ma'rt ha'm batır, watansu'yiwshi a'wladtı tu'sinemen» dep ko'rsetken.

Salamat a'wlad ta'rbiyası an'sat is emes, ol ha'r bir insan, ha'r bir shan'araq, pu'tkil ja'miyetten u'lken itibar ha'm u'ziliksiz miynetti talap etedi. Prezidentimiz pikirin dawam eter eken «.. hesh qanday gu'mansız, salamat a'wlad arzıwı ata-babalaroımızdan bizge o'tip kiyatırg'an, qan-qanımızg'a sin'ip ketken muqaddes umtılıwlar. Eger ata-babalarımızdın' turmıslıq sha'rayatına, oy-pikirlerine na'zer taslasaq, olar na'siine, jeti pushtının' tazalıg'ına, a'wladının' salamatlıg'ına ju'da' u'lken itibar bergenin ko'remiz. Salamat balanın' tuwılıwı, en' aldı menen, ananın' salamatlıg'ına baylanıslı» dep aytıp o'tedi.

Prezidentimiz aytıp o'tkenindey, shaxs ja'miyetlik turmıstın' o'nimi eken, ol a'lbette balanı orap alg'an ortalıq ta'sirinde rawajlanadı. Shaxstın' o'mirlik xızmeti dawamında ortalıq og'an ya unamlı, yamasa unamsız ta'sir ko'rsetiwi, rawajlanıw imikaniyatların ju'zege shıg'arıwı yaki joq qılıwı mu'mkin.

Shaxs, onın' du'nyanı biliwi, o'zin ha'm a'tiraptag'ı insanıy mu'na'sibetlerdi an'lawı, tu'siniwi ha'm o'z-ara mu'na'sibetler protsessinde o'zindegi ta'kirarlanbas individuallıqtı ko'rsetiwi ha'mde sol protsesslerdin' jasqa ha'm jınısqa baylanıslı ayırım ta'replerin analiz qılıw bizge ulıwma alg'anda shaxs – ja'miyette jasaytug'ın ja'miyetlik janzat, degen sheshimdi qaytarıwg'a imkan beredi. Yag'nıy, insan balası tuwılg'an waqtınan baslap o'zine uqsag'an insanlar qorshawında boladı ha'm onın' barlıq imkaniyatları mine usı ja'miyet ishinde ju'zege keledi. Sebebi, eger insannın' ontogenetikalıq rawajlanıwı, yag'nıy tuwılg'an waqtınan baslap o'mirinin' aqırına shekem bolg'an rawajlanıw da'wirine itibar beretug'ın bolsaq, ele so'ylemey turıp adam balası o'mirinin' birinshi minutlarınan-aq o'zine uqsag'an janzatlar arasına tu'sedi ha'm keyin g'ana ja'miyetlik qarım- qatnastın' barlıq ko'rinislerinin' aktiv obiekti ha'm subiektine aylanadı. Usı ko'z qarastan qaraytug'ın bolsaq, ha'r birimizdin' ja'miyettegi ornımız, onın' qashan ha'm qanday sha'rayatlarda payda bolg'anı, ja'miyetke qosılıp jasawımızdın' psixologiyalıq mexanizmleri pa'nnin' a'hmiyetli

wazıypalarınan biri. Bul protsess psixologiyada ja'miyetlesiw yaki sotsializatsiya dep ju'ritiledi.

Sotsializatsiya yaki ja'miyetlesiw – insan ta'repinen ja'miyetlik ta'jiriybeni iyelew ha'm turmıs- xızmet protsessinde onı aktiv ta'rizde o'zlestiriw protsessi esaplanadı. A'piwayı qılıp aytqanda, ja'miyetlesiw – ha'r bir shaxstın' ja'miyetke qosılıwı, onın' normaları, talapları, ku'tiwleri ha'm ta'sirin qabıl etken halda, ha'r bir ha'reketi ha'm qarım-qatnasında onı ju'zege shıg'arıwı, kerek bolsa sol ja'miyetlik ta'jiriybesi menen o'z na'wbetinde o'zgelerge ta'sirin o'tkeze alıw protsessi bolıp esaplanadı.

Ja'miyetlesiw protsess bolıp, onın' tiykarında individ bilim aladı, qa'driyat arttıradı, ja'miyetlik ta'jiriybe ha'm sezgirlikti ha'mde maslasıwshan'lıqtı ko'rsete aladı.

Ja'miyetlesiw negizinde bala ta'repinen ja'miyetlik ta'rbiyanı arttırıw, onın' aqılıy, psixikalıq ha'm shaxsıy rawajlanıwı, ta'lim-ta'rbiya tiykarında qa'liplesiwi, ja'miyetlik a'dep-ikramlıq qa'driyatlardı o'zlestiriwi, minez-qulıq norma ha'm qag'ıydaların, du'nyag'a ko'z-qaras ha'm isenimin payda etiw na'zerde tutılıdı.

Ja'miyetlesiw en' aldı menen adamlar ortasındag'ı qarım-qatnas ha'm birgelikte ha'r qıylı xızmetlerdi a'melge asırıw protsessin na'zerde tutadı. Sırttan shaxsqa ko'rsetilip atırg'an ta'sir a'piwayı, mexanikalıq ta'rizde o'zlestirilmey, ol ha'r bir shaxstın' ishki ruhiyatı, du'nyanı sa'wlelendiriwi ko'z qarasınan tu'rlishe subiektiv ta'rizde qabıl etiledi. Sonlıqtanda ha'r qıylı ja'miyetlik ortalıq ha'm tu'rlishe ha'reketlerdi keltirip shıg'aradı. Ja'miyetlesiw protsesslerinin' a'melge asırılatug'ın sha'rt-sha'rayatların ja'miyetlik institutlar dep ataymız. Bunday institutlarg'a shan'araq, ma'ha'lle, ra'smiy ma'mleket mekemeleri, mektep, baqsha, miynet ja'ma'a'tleri ha'm t.b. kiredi.

Ja'miyetlesiw alımlar ta'repinen tu'rlishe jarıtılıp kelingen. Mısalı, R. Darenford Aristoteldın' «homo politiais» (siyasiy adam) termininen paydalanıp, o'zinin' zamanago'y shaxstı tu'rlerge ajıratıwın islep shıqtı.

Bulardan,«xomo fober» - ja'miyettegi «miynetkesh insan»,

«xomo konsumer» - zamanago'y ommaviy ja'miyet jaratqan o'zlestiriwshi,

«xomo universulis» - ha’r qıylı xızmetler menen shug’ıllana alatug’ın adam,

«xomo sovetimus» - ma’mleketke baylanıslı adamlar, dep tu’rlerge ajıratıp shıqqan.

Bazı bir qo’z qaraslarda ja’miyetlesiwdi ekige – baslag’ısh ha’m ekilemshi tu’rlerge ajıratadı.

Baslang’ısh ja’miyetlesiw bul - individ balalıg’ınan dus keletug’ın ja’miyetlesiw bolıp, bunday ja’miyetlestiriwdın’ agentleri ata-analar, apa – sin’il, ag’a-u’ke, kempirapa ata ha’m ba’rlıq ag’ayin tuwısqanlar, dosları, ten’lesleri, qullası individ penen jaqın mu’na’sibette bolatug’ın adamlar.

Ekilemshi ja’miyetlesiw – bul o’mirdin’ ha’r bir basqıshı dawamında jan’a wazıypalar, qa’driyatlar, bilimlerdi o’zlestirip barıwı protsessi bolıp esaplanadı. Bunday ja’miyetlesiwdi ra’smiy mu’na’sibetlerde bolıwshı adamlar a’melge asıradı, yag’ıy bularg’a baqsha ta’rbiyashıları, mektep basshıları, ka’rxana armiya basshıları, ommaviy axborot xızmetkerleri kiredi. İndivid ushın en’ a’hmiyetli deb biletug’ın ja’miyetlesiw esaplanadı. Bul ja’miyetlesiw o’z na’wbetinde keyingi ekilemshi ja’myetlesiwge zamin jaratadı. Shaxs o’z na’wbetinde ja’miyetlesiwdin’ subiekti bolıp baradı.

Sub`ekt bolıw degeni bul – shaxs sotsial mu’na’sibetler sistemasın o’zinde ja’mlestiriwi degeni. İndivid sıpatında du’nyag’a kelgen adam ayırım sotsial pazıylet payda etip, shaxs bolıp jetilisedi.

Ja’miyetlesiw protsessinde «shaxs» ha’m «individ» tu’siniklerinin’ bir-birine uqsaslıg’ın barlıq jetekshi rus psixologları B.G.Ananev, A.N. Leontev, B.F.Lomov, S.L.Rubinshteyn ha’m basqalar biykarlaydı. Olardın’ ko’z qarası boyınsha bul ja’miyette individ iyeleytug’ın ha’m o’z a’hmiyetine ko’re ja’miyetlik esaplang’an mu’na’sibetlerdin’ pu’tin bir jıyındısı ishinde individ ta’repinen iyelep alınatug’ın ayrıqsha pazıylet, sol mu’na’sibetler tolqınındag’ı shaxstın’ a’hmiyeti bolıp esaplanadı.

Shaxs ja’miyetlik pazıyletti ta’riyplep bere alatug’ın ayrıqsha ta’riypke mu’ta’j. Olar, «insannın’ a’hmiyeti ayırım individge ta’n bolg’an abstrakt emes,

haqıyqat halında ol barlıq ja'miyetlik mu'na'sibetlerdin' o'nimi bolıp tabıladı» degen pikirdi bildiredi.

Shaxs tu'sinigi psixologiyada en' ko'p qollanılatug'ın tu'sinikler sıpatına kiredi. Sonday eken, insan ruwhiy du'nyası nızamlılıqları menen qızıqqan ha'r qanday izertlewshi alımlarda shaxstın' ja'miyetlesiwi ha'm ja'miyet penen bolg'an baylanısı ma'selesin shetlep o'tpegen.

Sotsial yaki ja'miyetlik ortalıq bul insannın' anın' maqsetler ha'm rejeler tiykarında xızmet ko'rsetetug'ın du'nyası bolıp esaplanadı. Mazmunı jıg'ınan ha'r bir insannın' sol ja'miyetlik a'lem menen baylanısı onın' insaniyat ta'jiriybesi, ma'deniyatı ha'm qabıl etilgen, ta'n alıng'an ja'miyetlik minez-qulıq normaları shegarasındag'ı ha'reketlerinde ko'rinedi.

Shaxs ja'miyetlik ha'm shaxslar aralıq mu'na'sibetlerdin' o'nimi, sanalı xızmettin' subiekti bolıwshı individ bolıp esaplanadı. Shaxsqa tiyisli bolg'an en' a'hmiyetli xarakteristikada onın' ja'miyettegi quramalı sotsiallıq mu'na'sibetlerge tuwrıdan tuwrı baylanıslılıq, ja'miyetlik xızmetke ha'm obiekt ha'm subiekt bolıwı bolıp tabıladı.

Shaxsqa tiyisli bolg'an pa'zıyletlerden en' a'hmiyetlisi sol, ol sol sırtqı ja'miyetlik ta'sirlerdi o'z sanası menen qabıl etip, son' sol ta'sirlerdin' subiekti sıpatında xızmet ko'rsetedi. İnsan balası erte jaslardan-aq «menin' o'mirim», «bizin' du'nya» degen ja'miyetlik ortalıqqa tu'sedi. Bul ortalıq sol biz bilgen ha'm ha'r ku'ni sezip turatug'ın siyasat, huqıq, a'deplilik du'nyası esaplanadı. Bul ortalıq kelisiwler, tartısıwlar, a'det ha'm da'stu'rler, ha'r qıylı tiller a'lemi bolıp, ondag'ı ko'plegen qag'ıydalarg'a ko'pshilik tolıq qosıladı, ayırımlar bolsa biraz qosıladı. Bul sonday qag'ıydalar ha'm normalar a'lemi bolıp, olarg'a boysınbaslıq ja'miyet ta'repinen qaralanadı. Solardan kelip shıg'atug'ın juwmaq, shaxs ja'miyetke barlıq ta'rtip qag'ıydalardı qabıl etiwshi subiekt bolsa, ja'miyet sotsial intizam ha'm ta'rtiptin', ma'deniyattın' ko'rinisi boladı.

Ja'miyetlesiw bul quramalı ha'm ko'p qırralı ha'diyse. o'zinin' du'zilisi ta'repinen onı to'mendegishe differensatsiya qılıw mu'mkin, yag'nıy onı ju'z beriwi ta'repinen basqıshlarg'a ha'm izbe-izlikten, sonday aq ju'z beriw

mexanizmleri tamanınan ajıratıw mu’mkin. Bul basqıshlardı to’mendegishe ko’rsetiw mu’mkin.

1-basqısh, bunda insandı ja’miyetlik ta’jiriybelerin o’zlestiriwge imkaniyat beretug’ın usıllar ha’m qurallar esapqa alınıp, og’an ha’r qıylı mezanizmler, taqlid, ta’sirge beriliw, isendiriw, uqsawg’a umtılıw, maslasıw, basqalardan alıp o’zlestiriw sıyaqlılardı ko’rsetiw mu’mkin.

2-basqıshta insannın’ ja’miyetlesiwinin’ tiykarg’ı bag’darı da’reje ha’m fazaları na’zerde tutıladı.

Ja’miyetlesiwdin’ mexanizmleri ha’zirge shekem izleniwdin’ arnawlı predmeti esaplanbag’an. Biraq, psixologik, sotsiologik ha’m sotsial psixologiyalıq a’debiyatlarda bul haqqında mag’lıwmatlar ushraydı. A.N.Leont`ev sha’rtli ra’wishte aldıng’ı a’wladtan o’tip keliwshi bilimlerdi, ta’jiriybelerdi iyelewge, bul arqalı ja’miyetlik ma’deniyatqa tiyisli bolg’an ha’mme na’rseler kekse a’wladtan jan’a a’wladqa o’tiwin ko’rsetip beredi.

M. Fervergerlerdin’ pikirinshe, ja’miyetlesiw protsessi ustanovkanın’ qa’liplesiwi tiykarında ju’z beredi ha’m onın’ qa’liplesiwi tiykarınan 3 mexanizmge tayanadı. Bular,

1. eliklew
2. identifikatsiya
3. basshılıq etiw, na’sihat qılıwlar.

Olardın’ pikirinshe, basshılıq qılıw arqalı qa’liplestiriw en’ qıyın esaplanadı. Sebebi, bunda qa’liplesip bolg’an ustanovkanı o’zgertiriwge qaratılg’an jumıslardı alıp barıw kerek boladı.

İnsan o’zinin’ ja’miyetlesiwi dawamında insaniyat jaratıp bergen materiallıq ha’m ruwxıy baylıqlardı iyelewin ja’ne de ko’birek mexanizmlerin iyelewi haqqında aytıw mu’mkin.

İnsannın’ ja’miyetlik ta’jriybelerdi iyelew ha’diysesin xarakterlewshi eki u’lken bag’dardı ajratıw mu’mkin.

1. İnsan ta’repinen ha’mme na’rseler ma’deniyatın iyelew ha’m o’zlestiriw menen baylanıslı ta’jriybeler.

2. İnsaniyat jaratqan ha'r qıylı ja'miyetlik mina'sebetlerdi insan ta'repinen iyelewi menen baylanıslı ta'jriybeler kiredi.

Joqarıda sanap o'tilgen eki ha'diysede insannın' ja'miyetlesiw ha'diysesin xarakterlep beriwshi mine usı tamang'a tiykarlanıp, onın' mexanizmleri bir-birinen parıqlanıp turıwın ko'rsetedi.

Ja'miyetlesiwdin' sotsial psixologik mexanizmleri qatarında usı protsesstin' ju'z beriwindegi tiykarg'ı faktorlardı da ajratıw za'ru'r. Bul tarawda İ.E.Konnın' pikirleri menen tanısamız. Ol ja'miyetlesiw mexanizmlerine shan'araqtı, arnawlı ta'rbiya mekemelerin, yag'nıy balalar baqshası, mektep ha'm usı sıyaqlılardı kiritken. Sonday-aq formal ha'm noformal esaplang'an topar ha'm sho'lkemlerdi kiritedi.

Bir ta'repten ja'miyetlik ta'jriybelerdi iyelewge ta'sir etiwshi sotsial psixik mexanizmler` eliklew, isendiriw, identifikatsiya, ta'sirge beriliw, liderlik, moda, u'lgi ha'm usı sıyaqlılardı parıqlawg'a tiykar bolsa, ekinshi ta'repten insan psixikasına ta'sir etiwshi ja'miyetlik informatsiyalardı o'zlestiriwge ta'sir etiwshi sırtqı faktorlar sıpatında ko'rsetiw mu'mkin.

Ja'miyetlik informatsiyalardı o'zlestiriwge ta'sir etiwshi individti qa'liplestiriwge ha'm turmıs xizmetine ta'sir etiwshi ha'diyse-bul mikro ha'm makro ortalıq yag'nıy ja'miyetlesiw agentleri bolıp esaplanadı.

Ja'miyetlesiw agentleri degende, ja'miyetlesiw protsessi ju'z beretug'ın sotsiallıq kontekstler ha'm toparlardı tu'sinemiz.

Mikro ortalıqqa-shan'araq, mektepke shekemgi ta'lim mekemeleri, mektepler ha'm ko'shedegi balalar toparları sıyaqlılardı kiritiw mu'mkin.

Makro ortalıqqa bolsa, ja'miyetlik mu'na'sebetler institutına kiriwshi ka'rxanalar ha'm sho'lkemlerdi ko'rsetiw mu'mkin. Yag'nıy, mikro ortalıq sırtındag'ı halatlardı ko'rsetiw mu'mkin.

Barlıq ma'deniyatlarda shan'araq bala ushın tiykarg'ı ja'miyetlesiw agenti esaplanadı. Keyininen bolsa, ja'miyetlesiwdin' ja'ne ko'plegen agentleri payda boladı.

Shan’araq tizimlerinin’ tu’rleri bir – birinen u’lken ayırmashılıqlarg’a iyebolg’anı ushın, bala kirisiwi mu’mkin bolg’an qarım – qatnas barlıq ma’deniyatlar ushın bir qıylı emes. Bala o’mirinin’ da’slepki basqıshlarında derlik ha’mme jerde en’ a’hmiyetli shaxs ana esaplanadı, biraq, jaqarıda aytılg’anınday ana ha’m bala mu’na’sibetlerinin’ ta’biatı olar ortasındag’ı qarım – qatnastın’ u’zliksizligi ha’m forması menen belgilenedi. Bul bolsa o’z na’wbetinde shan’araq institutları ha’m olardın’ ja’miyettegi basqa toparlar menen mu’na’sibetlerine baylanıslı boladı.

Ha’zirgi ja’miyetlerde da’slepki ja’miyetlesiw shan’araqtın’ kishkene shegarasında ju’z beredi. Britaniyalıq ko’plegen balalar o’z balalıg’ın shan’araqta, atası, anası ha’m ja’ne bir – eki bala ortalıg’ında o’tkergen. Ha’m kerisinshe, basqa ko’pshilik ma’deniyatlarda ag’a, a’japa, kempir apa ha’m atalar bir shan’araqtın’ ag’zaları esaplanadı, bir u’yde jasaydı ha’m ha’tteki ju’da’ kishkene bo’beklerdin’ de ta’rbiyashıları boladı. Britaniya ja’miyetinde de shan’araq ortalıg’ı ta’biyatında ko’plegen o’zgeshelikler bar. Ayırım bo’bekler ata yaki ananın’ birewi ta’repinen ta’rbiyalansa, basqaları haqqında eki ana ha’m eki ata («ajırasqan» ha’m jan’a «tabısqan» ata - analar) g’amxorlıq qıladı. Erli hayallardın’ ko’pshiligi shan’araqtan tısqarıda haqı to’lenetug’ın jumıs penen shug’ıllanadı, sonın’ menen birge, bala tuwılg’annan keyin ha’yallar jumısqa tez qaytadı. Usınday ko’rinislerge qaramay, shan’araq, a’dette, bo’beklikten o’spirimlik da’wirine shekem ha’m keyinirek te a’wladlar miyrasxorlıg’ın ta’miyinlewde ja’miyetlesiwdin’ en’ a’hmiyetli ageni bolıp qalaberedi.

Tu’rli ja’miyetlerde shan’araq basqa sotsiallıq institutlarg’a ko’re tu’rlishe orın iyeleydi. Da’stu’riy ja’miyetlerdin’ ko’pshiliginde shan’araq tuwılg’an individtın’ pu’tkil o’miri dawamındag’ı sotsiallıq da’rejeni tolıqlıg’ınsha belgileydi. Ha’zirgi Batıs ja’miyetlerinde sotsiallıq da’reje tuwılıwda belgilenbeydi. Sog’an qaramay, qanday ortalıqta jasawı, shan’araqtın’ belgili klasna ta’nligi bala ja’miyetlesiwi xarakterin bir qansha qatan’ belgilep beredi. Balalar ata – anaları yamasa a’tiraptag’ı adamlardın’ o’zin tutıw modellerin o’zlestiredi. U’lken ja’miyetlerdin’ tu’rli sektorlarında ta’rbiya ha’m intizamg’a

tu'rlishe talaplar qoyıladı, ko'binshe, qarama – qarsı qadriyat ha'm u'mitler bar boladı. Qaradeneliler shan'arag'ında, qaladag'ı to'men da'rejedegi shan'araqlar jasaytug'ın aymaqta ta'rbiyalanıp atırg'an bala menen qalanın' qa'dirli aymag'ında, gu'rkirep atırg'an aq deneliler shan'arag'ında tuwılg'an balanıs salıstırıp ko'rilse, tu'rli tiptegi shan'araq ma'deniyatının' ta'siri ortasındag'ı ayırmashılıqtı seziw mu'mkin. O'tkerilgen ko'plegen sotsiologiyalıq izertlewler bul ayırmashılıqlardı tolıg'ıraq ko'riw imkaniyatın beredi.

Shan'araqtag'ı ja'miyetlesiw jag'dayları bala ushın ju'da' qolaysız bolıwı da mu'mkin. Mısalı, balalardın' bir bo'legi ata – ana, u'lkenirek balalar yaki shet adamlardın' zorlıg'ı yaki seksual xalatlarga dus keledi ha'm bunday ta'jiriybe olardın' qalg'an o'mirlerine awır ta'sirin o'tkeredi.

Ata – analarının' du'nyag'a ko'z – qarasın pu'tkilley kritikalı qabıl etpeytug'ın balalardın' ko'plep tabılıwı a'dbette gumanlı. Bul a'sirese, teren' o'zgerislerdi bastan keshirip atırg'an bizin' qarama – qarsılıqlı du'nyamız ushın ta'n. Bunan tısqarı, ja'miyetlesiwdin' ha`r tu'rli agentleri bar ekenligi balalar, o'spirimler ha'm ata – analar a'wladı du'nyag'a ko'z qarasındag'ı ko'pgana parıqlarg'a alıp keledi.

İnsandag'ı da'slepki sotsiallıq ta'jiriybe ha'm sotsiallıq minez-qulıq elementleri shan'araqta, shan'araqtag'ı mu'nasibetler sistemasında qa'liplesedi. Yag'nıy, shaxs sıpatlarının' da'slepki qa'lipleri shan'araqta alınadı ha'm bul qa'lip ja'miyettegi basqa toparlar ta'sirinde qa'g'liplesip baradı. Bizin' sha'rayatımızda shan'aoaq penen bir qatarda ma'ha'lle de a'hmiyetli ta'rbiyalawshı-ja'miyetlestiriwshi rol oynaydı. Sonın' ushın bolsa kerek, ayırım waqıtları adamnın' qaysı ma'ha'lleden ekenligin sorastırıp, keyin sheshim shıg'aradı, yag'nıy ma'ha'lle menen ma'ha'llenin' de parqı bolıp, bul parıq adamlar psixologiyasında o'z ku'rinisin tabadı. Ma'selen, ayırım ma'ha'llelerde erte turıp ko'sheni sıpırıw a'detke aylang'an ha'm barlıq shan'araqlar usı a'detti buzbaydı. Usıg'an uqsas normalar sisteması ha'r bir ko'she – ma'ha'llenin' bir – birinen parqı, abzallıq ha'm kemshilik ta'replerin belgileydi, aqırg'ılar bolsa usı

ma'ha'llede u'lkeyip atırg'an jaslar ja'miyetlesiwinde tuwrıdan – tuwrı ta'sirin ko'rsetedi.

Ja'ne bir a'hmiyetli ja'miyetlesiw oshaqlarına mektep ha'm basqa ta'lim orayları kiredi. Mine usı jerde ja'miyetlesiw ha'm ta'rbiya protsessleri arnawlı ta'rizde teren'lestiriledi. Bizin' sotsiallıq qıyallarımız sonday bolıp, mektepti biz ta'lim alatug'ın, bala bilimler sistemasın o'zlestiretug'ın orın sıpatında qabıl etemiz. Biraq, tiykarında bul jer ja'miyetlesiw ta'rbiyalıq qurallarda ju'z beretug'ın oray bolıp esaplanadı. Ma'selen, sabaq waqtında oqıtıwshı barlıq dıqqatı menen jan'a temanı tu'sintiriw menen ba'nt. Onın' na'zerinde tek g'ana sabaq, temanın' mazmunı ha'm onnan ko'zlenetug'ın maqset tiykarg'ıdats. Biraq tiykarında mine usı protsesstegi oqıtıwshının' o'zin qanday tutıp atırg'anlıg'ı, kiyiniwi, temag'a subiektiv mu'na'sibeti ha'm qalaberse, pu'tkil klasstag'ı oqıwshılarg'a mu'na'sibeti ha'mme na'rseni belgilewshi, sotsiallıq ta'jiriybe ushın u'lken a'hmiyetke iye bolg'an faktor bolıp esaplanadı. Usı ko'z qarastan oqıwshılar didi, ku'tiwleri ha'm talaplarına juwap bergen oqıtıwshı balalar ta'repinen ta'n alınadı,keri jag'dayda bosa oqıtıwshının' ta'siri tek g'ana unamsız rezonans beredi. Mine usınday ha'r bir klassta qa'liplesken ortalıq ta u'lken rol` oynaydı. Ayırım klasslarda o'z ara birgelik, doslıq mu'na'sibetleri jaqsı jolg'a qoyılg'an, toparda unamlı ba'sekeler ha'm sa'wbetler ushın qolaylı sha'rayat bar. Bul ortalıq ta'biyiy o'z ag'zalarının' ja'miyetlik minez – qulqın tek g'ana unamlı ta'repke bag'darlap turadı.

Ja'ne bir a'hmiyetli ja'miyetlesiw ortalıg'ı – bul miynet ja'ma'a'ti bolıp esaplanadı. Bul ortalıqtın' a'hmiyeti ha'm o'zine ta'nligi sonda, bul jerge shaxs, a'dette bir qansha aqıllı, jetilisken, belgili ta'jiriybege iye bolg'an, turmıs haqqındag'ı ko'z qarasları qa'liplesken waqıtta keledi. Qalaberse, iyelegen qa'nigeligi, arttırılg'an miynet ko'nlikpeleri ha'm bilimler de ju'da' a'hmiyetli bolıp, usı ortalıqtag'ı sotsiallıq o'lshemler xarakterine ta'sir etedi. Biraq ba'ribir shaxstın' kimler menen, qanday o'z – ara mu'na'sibetler ta'sirinde ekenligi onın' jetiklik da'wirindegi ja'miyetlesiwinin' a'hmiyetli ta'replerinen bolıp esaplanadı. Sonın' ushın jumısqa kirisetug'ın tiykarg'ı motivlerdin' biri – sol ja'ma'a'ttin'

qanday ekenligi, bul jerdegi o'z-ara mu'na'sibetler, basshının' kimligi ha'm onın' mu'na'sibeti bolıp, ko'binshe aylıq to'lemleri usılardan keyin u'yreniledi. Sonın' ushın miynet ja'ma'a'tleri jaqsı, salamat ruwhıy ortalıq, a'dalat ha'm tuwrılıqqa tiykarlang'an mu'na'sibeiler ha'r bir insan ta'g'dirinde u'lken rol onaydı.

U'lken jastag'ı ja'miyetlesiwdin' o'zine ta'nligi sonda, onda individualizatsiya protsesi anıg'ıraq, sezilerlirek bolıp o'tedi. Sebebi, u'lken adam tek g'ana sırtqı ta'sirlerdi o'zlestirip g'ana qoymay, ba'lkim o'zindegi qa'biliyet, ko'nlikpe ha'm turmıslıq ta'jiriybesi menen basqalarg'a da ta'rbiyalıq ta'sir ko'rsetedi, jumıs – a'melde jaslarg'a shaxsiy o'rnek ko'rsetiw imkaniyatına iye boladı. Usı ko'z qarastan, g'arrılıqtın' sotsiallıq a'hmiyeti sonda, ata- balalarımız, analarımız tiykarınan o'zlerindegi bar bolg'an sotsiallıq ta'jiriybeni basqalarg'a jetkeriw menen shug'ıllanadı ha'm bul a'sirese Shıg'ıs xalıqlarında ju'da' hu'rmetlenedi.

Ja'miyet penen ba'rqulla mu'na'sebetti uslap turıwshı o'z-o'zin an'lap, ha'r bir ha'reketin muwapıqlastırıwshı shaxsqa ta'n bolg'an en' a'hmiyetli ha'm ulıwma o'zgeshelik-bul onın' aktivliligi bolıp esaplanadı. Aktivlilik (latınsha «aktius»-ha'reket, «activus»-aktiv degendi an'latadı) shaxstın' o'mirdegi barlıq is-ha'reketlerin ko'rsetiwdi tu'sindiriwshi kategoriya bolıp esaplanadı. Sol a'piwayı qolımızg'a qa'lem alıp bir sızıqsha tartıw menen baylanıslı elementar ha'reketimizden tartıp, do'retiwshiliktin' oyanıw payıtlarımızda a'melge asıratug'ın abstrakt pikirlewimizge shekem bolg'an quramalı ha'reketlerge baylanıslı islerimizdi tu'sindirip beredi. Sonın' ushın da psixologiyada shaxs, onın' o'z-o'zin an'lawı mashqalaları onın' aktivliligi anaw yaki mınaw xızmet tu'rlerinde qatnası ha'm onı a'melge asırıwg'a baylanıslı sıpatları arqalı tu'sindiriledi.

Pa'nde insan aktivliliginin' tiykarınan eki tu'ri parıqlanadı:

A) Sırtqı aktivlilik-bul sırttan ha'm o'z ishki tilek qa'lewlerimiz ta'sirinde ko'riw, belgilew mu'mkin bolg'an ha'reketlerimiz, bulshıq etlerimizdin' ha'reketleri arqalı ko'rinetug'ın aktivlilik.

B) İshki aktivlilik – bul bir ta'repten anaw yaki mınaw xızmetti orınlaw waqtında fiziologiyalıq protsessler (zat almasıw, qan aylanıw, dem alıw ha'm t.b.) ha'mde ekinshi ta'repten, psixik protsessler, yag'nıy tiykarında ko'rinbeytug'ın, biraq xızmet bolıp o'tiwine ta'sir ko'rsetiwshi faktorlardı o'z ishine aladı.

Mısal sıpatında turmıstan sonday ko'rinisti ko'z aldımızg'a keltireyik, uzaq ayrılıqtan son' ana o'z perzentin ko'redi. Sırtqı aktivlilikti biz ananın' balasına umtılıwı, onı qushaqlawı, ju'zlerin sıypalawı, ko'zlerinen aqqan quwanısh jaslarında ko'rsek, ishki aktivlilik – sol ko'z jasların keltirip shıg'aratug'ın fiziologiyalıq protsessler, ishki sag'ınıshtın' tiykarg'ı sebepleri (ayrılıq mu'ddeti, sharasızlıq sebepli ayrılıq sıyaqlı jasırın motivler ta'siri), ko'rip qabıl etiletug'ın o'z – ara bir – birewine umtılıwdı ta'miyinlewshi ishki, bir qarag'anda ko'z benen ko'rip bolmaytug'ın emotsional jag'daylarda sa'wlelenedi. Biraq usı ko'rinistin' tuwrıdan-tuwrı gu'wası bolsaq ta, onı tu'sintiretug'ın su'wretti ko'rsek te, shamalap qanday protsessler bolıp atırg'anlıg'ın ko'z aldımızg'a keltiriwimiz mu'mkin.

Demek eki tu'rli aktivlilik te shaxsiy ta'jiriybe ha'm rawajlanıwdın' tiykarın quraydı. Bir qarag'anda ha'r bir konkret shaxsqa ha'm onın' mu'ta'jliklerine baylanıslı bolın sezilgen bunday aktivlilik tu'rleri tiykarında sotsiallıq xarakterge iye bolıp, shaxstın' ja'miyet penen bolatug'ın quramalı ha'm o'z - ara mu'na'sibetlerinin' aqıbeti esaplanadı.

İnsan aktivliligi «ha'reket», «xızmet», «minez-qulıq» tu'sinikleri menen o'z-ara baylanıslı bolıp, shaxs ha'm onın' sanası ma'selesine barıp taqaladı. Shaxs ha'r qıylı aktivlilikler protsessinde qa'liplesedi, o'zligin ko'rsetedi. Demek, aktivlilik yaki insan xızmeti passiv protsess bolmay, ol sanalı ra'wishte basqarılatug'ın aktiv protsess bolıp esaplanadı. İnsan aktivliligin ja'mlestiriwshi ha'reketler protsessi xızmet dep ataladı. Yag'nıy, xızmet – insan sanası ha'm oylawı menen basqarılatug'ın, ondag'ı ha'r qıylı mu'ta'jliklerden kelip shıg'atug'ın, ha'mde sırtqı a'lemdi ha'm o'z-o'zin o'zgertiriw ha'm qa'liplestiriwge qaratılg'an o'zine ta'n aktivlilik forması bolıp tabıladı. Bul jas balanın' real predmetler a'hmiyetin o'z qıyalları shegarasında biliwge qaratılg'an oyın xızmeti, bul – materiallıq o'nimler

jaratıwg'a qaratılg'an miynet xızmeti, bul jan'alıqlar jaratıwg'a qaratılg'an ilimiy-izertlewshilik xızmeti, bul rekordlardı ko'beytiriwge qaratılg'an sportshının' sheberligi ha'm usıg'an uqsas xızmet.

Sonısı xarakterli, insan ha'r bir minutta qandaydir xızmet tu'ri menen shug'ıllanıp turadı.

Ha'r qanday xızmet real sha'rt-sha'raitlarda, tu'rli usıllarda ha'm tu'rlishe ko'rinislerde ko'rinedi. İslenip atırg'an ha'r bir ha'reket belgili na'rsege, predmetke qaratılg'anlıg'ı ushında xızmet predmetli ha'reketler jıyındısı sıpatında boladı. Predmetli ha'reketler sırtqı a'lemdegi predmetler o'zgeshelikleri ha'm sıpatın o'zgertiriwge qaratılg'an boladı. Ma'selen, konspekt jazıp atırg'an talabanın' predmetli ha'reketi jazıwg'a qaratılg'an bolıp, ol da'slep sol waqıttag'ı jazıwlar sanı ha'm sıpatında o'zgerisler qılıw arqalı, bilimleri ko'lemin bayıtıp atırg'an boladı. Xızmet ha'm onı sho'lkemlestiriwshi predmetli ha'reketlerinin' nelerge bag'darlang'anlıg'ına qarap, aldı menen sırtqı ha'm ishki xızmet parıqlanadı.

Sırtqı xızmet shaxstı orap turg'an sırtqı ortalıq ha'm ondag'ı na'rse ha'm ha'diyselerdi o'zgertiriwge qaratılg'an xızmet bolsa, ishki xızmet birinshi na'wbette aqılıy xızmet bolıp, ol taza psixologik protsesslerdin' keshiwinen kelip shıg'adı. Kelip shıg'ıw ko'z qarasınan ishki – aqılıy psixik xızmet sırtqı predmetli xızmetten kelip shıg'adı. Da'slep predmetli sırtqı xızmet ju'z beredi, ta'jiriybe arttırıp barılg'an sayın, sekin a'ste bul ha'reketler ishki aqılıy protsesslerge aylanıp baradı.

Eger sırtqı xızmet tiykarında psixik protsesslerge o'tiw ju'z bergen bolsa, bunday protsessti psixologiyada interiorizatsiya dep ataladı, kerisinshe, aqılda qa'liplesken ideyalardı tuwrıdan-tuwrı sırtqı ha'reketlerde yaki sırtqı xızmetke ko'shiriliwi eksteriorizatsiya dep ju'ritiledi.

Xızmet tu'rleri ja'ne sananın' tuwrıdan – tuwrı qatnası da'rejesine ko're de parıqlanadı. Mısalı, sonday bolıwı mu'mkin, ayırım ha'reketler basında ha'r bir elementti tuwrı halında, ayırım tu'rde orınlawdı ha'm bug'an barlıq dıqqat ha'm sananın' bag'darlanıwı talap etiledi.

Xızmetti klassifikatsiya qılıw ha'm tu'rlerge bo'liwdin' ja'ne bir ken' tarqalg'an usılı – bul barlıq insanlarg'a ta'n bolg'an tiykarg'ı aktivlilik tu'rleri boyınsha ayırılıwı bolıp esaplanadı. Bul – qarım – qatnas, oyın, oqıw ha'm miynet xızmetleri bolıp esaplanadı.

Qarım – qatnas – shaxs individual rawajlanıwı protsesinde ko'rinetug'ın birlemshi xızmet tu'rlerinen biri. Bul xızmet insandag'ı ku'shli mu'ta'jliklerden biri - insan bolıwı, adamlarg'a uqsap so'ylewi, olardı tu'siniwi, su'yiwi, o'z – ara mu'na'sibetlerdi muwapıqlastırıwg'a qaratılg'an mu'ta'jliklerden kelip shıg'adı. Shaxs o'z rawajlanıwın tap mine usı xızmet tu'rin iyelewden baslaydı ha'm so'ylewi arqalı ha'm so'zsiz quralları ja'rdeminde basqa xızmet tu'rlerin tolıg'ıraq iyelewge sha'rayat jaratadı.

Oyın – sonday xızmet tu'ri bolıp, tuwrıdan – tuwrı belgili bir materiallıq yamasa ruwhıy o'nimler jaratıwdı na'zerde tutpaydı, biraq onın' protsesinde ja'miyettegi quramalı ha'm ha'r qıylı xızmet normaları, ha'reketlerinin' simvollıq u'lgileri bala ta'repinen o'zlestiriledi. Bala oynamag'anınsha u'lkenler is – ha'reketinin' ma'nisi ha'm a'hmiyetin tu'sinip jete almaydı.

Oqıw xızmeti de shaxs rawajlanıwında u'lken rol` oynaydı ha'm ma'nili bolıp esaplanadı. Bul sonday aktivlilik bolıp, onın' protsesinde bilimler, ko'nlikpe ha'm ta'jiriybeler o'zlestiriledi.

Miynet qılıw da en' ta'biyiy mu'ta'jliklerge tiykarlang'an xızmet bolıp, onın' maqseti a'lbette belgili bir materiallıq yamasa ruwhıy o'nimlerdi jaratıw, ja'miyet rawajlanıwına u'les qosıw bolıp esaplanadı.

Ha'r qanday ka'sipti iyelew, tek g'ana iyelew emes, ba'lkim onı sheberlik penen a'melge asırıwda xızmettin' barlıq nızamlılıqları ha'm mexınizmleri a'mel qıladı, a'piwayı g'ana belgili bir ka'sip ta'jiriybesin iyelew ushın og'an tiyisli bolg'an mag'lıwmatlardı eslep qalıw kerek bolg'anda ja'ne eske tu'siriw arqalı onı orınlaw bolmaydı, ba'lkim ha'm ishki, ha'm sırtqı ha'reketlerdi sanalı ta'rizde orınlaw menen baylanıslı quramalı protsessler iurıwın umıtpawımız kerek.

Ja'miyettegi baylanıslardı tu'siniwimizge ja'rdem beretug'ın a'hmiyetli kontseptsiya bul – sotsiallıq du'zilme kontseptsiyası bolıp esaplanadı. Bizin'

a'tirpımızdag'ı sotsiallıq ortalıq waqıya – ha'diyselerdin' biyta'rtip jıyındısınan ibarat emes. Adamlardın' minez – qulqında, olardın' o'zara mu'na'sibetlerinde teren' dawamlılıq seziledi. Mine usı dawamlılıq penen sotsiallın' du'zilme ideyası bir – birine baylanısqan. Ayırım ta'repten ja'miyettin' du'zilislik ta'replerin ima'ratqa uqsatıw mu'mkin. Sotsiallıq du'zilmeler insanlardın' is – ha'reketleri ha'm mu'na'sibetleri menen belgilenetug'ın du'zilmeler turaqlılıg'ı, tolıqlıg'ı, olardın' ma'kanda ha'm zamanda ta'kirarlanıp turıwına baylanıslı. Solay etip, sotsiallıq islep shıg'arıw ha'm sotsiallıq du'zilme sotsiologiyalıq jandasıw shegarasında ju'da' bekkem baylanısadı.

Ja'miyetlesiwdin' a'hmiyetli aspektlerine bag'darlang'anlıq ha'm basqıshları kiredi. Ha'zirgi ha'm shet el sotsiologiyasında ha'm sotsial psixologiyalıq a'debiyatlarda ja'miyetlesiw etaplarının' tiykarg'ı ta'replern modellestiriwge umtılıwlar bolmaqta. Ma'selen, insannın' ja'miyetlesiwinin' bag'darlanılg'anlıg'ın ha'm basqıshların o'zine ta'n qızıg'arlı modelin chex psixologi A.Yurovskiy usınıs etken. A.Yurovskiy insandı ja'miyetlesiwin 3 tiykarg'ı basqıshların ko'rsetedi. Bul gumanitar pa'nlerdegi, yamasa pa'nler arasındag'ı u'yreniletug'ın ha'diyseler bolıp esaplanadı.

1 – basqıshı insannın' sotsiallıq mu'na'sibetler ha'm normaların o'zlestiriw menen baylanıslı. Bul insandı bir sotsiallıq toparlarg'a (shan'araq, topar – bul jerde oyınlar ju'z beredi, mektep ha'm t.b.) kirip barıwı menen baylanıslı. Bular sotsiologiya arqalı u'yrenip barıladı.

2 – basqısh. İnsanlar ortasında bolatug'ın mu'na'sibetler (topardag'ı ornı, toparlıq roller ha'm usı sıyaqlılar). Bunı sotsial psixologiya u'yrenedi.

3 – basqısh. İnsannın' ruwhıy bayıp barıwı menen sotsiallıq ta'jiriybeler tiykarında onda qa'biliyetti ha'm individual ta'jiriybelerdin' asıp barıwı menen ha'm barlıq sotsiallıq sha'rayatlar ha'm mu'na'sibetlerdin' du'zilisi menen baylanıslı boladı. 3 – basqısh A.Yurovskiydın' pikirinshe ulıwma psixologiya predmetin u'yreniw menen baylanıslı boladı.

Shaxstın' ja'miyetlesiwinin' basqıshların sotsiologiyalıq, sotsial psixologiyalıq, ulıwma psixologiyalıq ta'repten spetsifikasın ashıp beriw qızıqlı

ha'diyse esaplanadı. Biraq bir ta'repten insannın' sotsiallın' sistemag'a ha'm sotsiallın' mu'na'sibetlerge kirisiwin da'wirlerde ko'rsetiw, ekinshi ta'repten, shaxstın' ishki bayıp barıwı, rawajlanıwı ha'm o'zligin ko'rsete alıwı jetkilikli tiykarlanbag'anlıg'ın B.Parigin ko'rsetip o'tedi.

A.Yurovskiydın' pikirinshe, onın' jaratqan teoriyası yamasa pikirleri durıs esaplansa da Parigin insandı modellestiriwde bul jeterli emes ekenligin ko'rsetip beredi. Haqıyqatında bolsa bul insannın' ja'miyetlesiwin tek g'ana ha'r qıylı ta'replerin jarıtıp beredi. Bul ha'diyseler bir waqıtta bir – birinen u'zilmegen halda ju'z beredi. Sonın' ushın da olardı ajıratıw Pariginnın' pikirinshe nadurıs esaplanadı. N.V.Andreevanın' pikiri bul tarawda dıqqatqa itibarlı. Ol ja'miyetlesiwdi u'sh tiykarg'ı etapqa bo'ledi.

1. Birinshi ja'miyetlesiw yamasa balanın' ja'miyetlesiwi.

2. Marginal (aralıq yamasa jalg'an turaqlılıq) ja'miyetlesiw – o'spirimlerdin' ja'miyetlesiwi.

3. Turaqlı yag'nıy kontseptual, bir pu'tin ja'miyetlesiw. Bunda jaslıqtan jetiklik da'wirine shekem o'tip barıwı na'zerde tutıladı, yag'nıy 17 – 18, 21 – 25 jasqa shekem bolg'an da'wir qabıl etiledi.

Ja'miyetlesiwdin' ha'r bir etapında ha'r qıylı institutlardı` shan'araqtı, mektepti, referent toparlardı ha'm g'alaba baylanıs qurallarının' ta'siri bilinip turadı.

Joqarıda berilgen hareketke insannın' ja'miyetlesiwinin' ulıwma ha'm jas da'wirler psixologiyasına sa'ykes keliwin ko'rsetedi. Bug'an bolsa qarsılıqlar da joq.

İnsannın' ja'miyetlesiwin tariyxıy ha'diyse sıpatında ko'rip shıg'ıwdın' da'rıslıg'ı ha'm maqsetke muwapıqlıg'ı bir qansha sha'rayatlar tiykarında tastıyıqlanadı.

1. Myuller – Gekkel`din' Biogenetikalıq nızamına baylanıslı ontogenez filogenezdin' qaytaradı, yag'nıy insaniyattın' ja'miyetlesiwi prizma arqalı ko'rinedi.

2. İnsaniyattın’ ja’miyetlesiwi tariyxıy ha’diyse sıpatında u’lken qızıg’ıw oyatadı ha’m ju’da’ ko’p faktlıq materiallar beredi. Bul ja’miyetlesiwdin’ mexanizmleri, bag’darları, tendentsiyaları ha’m tiykarg’ı etapları haqqındag’ı mag’lıwmatlar esaplanadı.

Son’g’ı jıllarda shet ellerde insannın’ ja’miyetlesiwine jandasıwg’a ha’reket qılg’an ju’da’ ko’plegen sotsiologlardı, filosoflardı psixologlardı ko’rsetiw mu’mkin. Mısal ushın, amerikalıq sotsiolog Rismendi ha’m burıng’ı sovet alımı esaplang’an B.F.Poshniflardı usılar qatarına kirgiziw mu’mkin. B.F. Poshnef kontseptsiyasında sotsiallıq ja’ma’a’tlerdi tariyxıy evolyutsiyasın arnawlı sha’rt sha’rayatlar, olardın’ o’zara ishki mu’na’sibetlerindegi sotsial psixologiyalıq mexanizmlerdi «Biz» ha’m «Olar» printsipi tiykarındag’ı kontseptsiyasın ko’rsetiw mu’mkin.

Rismen kontseptsiyasında u’sh basqısh ko’rsetiledi.

1 – basqısh, «da’stu’riy bag’dar» - orta a’sirler da’wiri.

2 – basqısh, «ishki bag’dar» - kapitalizmnin’ ju’zege keliwi ha’m bul jerdegi sha’rayatlardı halallıq tiykarında ba’sekeni, aktivlilikti, tadbirkarlıqtı ko’rsetedi.

3 – basqısh, «basqalarg’a bag’darlang’anlıq» - monopolistik kapitalizmge tiyisli. Bul jerde komformistik tiptegi shaxs ko’rinisi haqqında ga’p baradı. B.F.Poshnev teoriyasında individtın’ ja’miyetlesiw mexanizmi sotsiallıq ta’jiriybeler tiykarında ju’zege keliwi ko’rsetiledi. En’ da’slep individbelgili bir qa’biylege tiyisli ekenligin an’laydı. Onın’ shegaraların bilip aladı ha’m olarg’a qarata o’zin qarama – qarsı qoyadı. «Olar» Keyinshelli bul olardı o’zin an’lawg’a ha’m seziniwge alıp keledi ha’m o’zlerin basqalarg’a qarama – qarsı qoyada. «Biz» keyinshelli insaniyattın’ rawajlanıwı dawamında basqa ja’ma’a’tlerdin’ ko’beyip barıwı na’tiyjesinde «Biz» ha’m «Olar» ortasındag’ı shegaralar joq bolıp baradı.

Joqarıdag’ı eki teoriya da qandayda bir ta’repleri menen uqsas bolıp ketedi. Olar qattı talaplar ornına keyinshelli insan is – ha’reketinde ıuramalı ha’m ha’r qıylı da’stu’rler keliwin jaqlaydı.

Bizin’ pikirimizshe, ja’miyetlesiw mexanizmleri bayıp baradı ha’m bul ha’diyse ko’zge taslanadı.

## 1.2. HA`R QIYLI JAS DA`WIRINDE SHAXSTIN` JA`MIYETLESIWI MASHQALALARI

İnsan shaxsının’ psixologiyalıq rawajlanıwı ha’m onın’ qa’liplesiwi quramalı izertlew protsessi bolıp tabıladı. Onın’ o’zine tiyisli qa’siyetleri ha’i nızamlıqlarına tiyisli ilimiy biliw, oqıwshı shıxsına pedagogikalıq ta’repten ta’sir ko’rsetiwdin’ za’ru’r sha’rti esaplanadı.

İnsan - biosotsial janzat esaplanadı. Onın’ birligi, bir ta’repten, adamnın’ psixikalıq, tuwma ta’rizde payda bolg’an qa’siyetleri (mısalı, ko’riw ha’m esitiw sezgilerinin’, sonday-aq, joqarg’ı nerv sistemasının’ o’zine ta’n qa’siyetleri), ekinshi ta’repten xızmettin’ sanalı sub`ekti ha’m sotsial rawajlanıwdın’ aktiv qatnasıwshısı sıpatında onın’ minez-qulqı (mısalı, etikalıq a’detleri) qa’siyetlerinde ko’rinedi.

İnsan shaxsının’ qa’liplesiwi ha’m psixologiyalıq rawajlanıwına ta’sir ko’rsetetug’ın faktorlardın’ mashqalası o’z mazmunı ta’repten ideyalıq xarakterge iye. Sol sebepli, bul ma’seleni sheshiwde bir-birine qarama-qarsı bolg’an tu’rli ag’ımlar, bag’darlar ju’zege kelgen. İnsan shaxsının’ qa’liplesiwin tu’sindiriwde ju’zege kelgen birinshi ag’ım *biogenetik kontseptsiya*, teoriya bolsa, ekinshi ag’ım *sotsiogenetik kontseptsiya* esaplanadı.

İnsan shaxsının’ qa’liplesiwin tu’sindiriwge umtılıwshı biogenetik ag’ım XIX a’sirdin’ ekinshi yarımında ju’zege kelgen.

Balanın’ psixologiyalıq qa’siyetlerinin’ tuwma ta’biyatı haqqındag’ı ta’liymat ha’zirgi waqıtqa shekem barlıq psixologiyalıq mekteplerdin’ tiykarın qurap kelgen. Bul ta’liymat insan psixikasının’ barlıq ulıwma ha’m individual qa’siyetleri ta’biyat ta’repinen belgilengen, onın’ biologiyalıq du’zilisine ten’lestirilgen bolıp, psixologiyalıq rawajlanıw bolsa, genetikalıq jol menen a’zelden belgilenip insan organizmine jaylastırılg’an sol qa’siyetlerdin’ shegine

jetiw protsessinen ibarat dep ko'rsetedi. Bizge ma'lim, na'sillik qa'siyetler tuwma jol menen na'silden na'silge tayar halda beriledi, biraq sonday bolıwına qaramay, bul ag'ım wa'killeri insan shaxsı ha'm onın' barlıq qa'siyetleri «ishki nızamlıqlar» tiykarında, yag'nıy na'sillik qa'siyetler tiykarında ju'zege keletug'ın na'rse, biologiyalıq faktorlarg'a baylanıslı dep tap ko'rsetken.

Sonday-aq bul bag'darp ta'repdarlarınan bolg'an amerikalıq psixolog E. Torndayk oqıwshılardın' «ta'biyg'ıy ku'shleri» ha'm «tuwma iykemlilikler» in psixologiyalıq rawajlanıwdın' jetekshi faktorı etip ku'rsetip, qorshag'an ortalıqtın', ta'lim-ta'rbiyanın' ta'siri ekinshi da'rejeli, dep ataydı.

Avstraliyalıq psixolog K. Byuler balalardın' tek g'ana aqılıy xızmeti emes, balkia'dep-ikramlılıq rawajlanıwıda na'sillik ta'repten belgilengen dep ko'rsetedi.

Amerikalıq pedagog ha'm psixolog Dj. D`yui -insan ta'biyatın o'zgertip bolmaydı, adam genetik ta'repten payda etken mu'ta'jlikleri ha'm psixologiyalıq qa'siyetleri menen tuwıladı. Bul mu'ta'jlikler ha'm psixologiyalıq qa'siyetler ta'rbiya protsessinde payda bolıp, ayırım jag'daylarda o'zgeriwi, ta'rbiyanın' bolsa mug'darın belgilep beriwshi o'lshem dep esaplaydı.

İnsan shaxsının' qa'liplesiwin u'yreniw dawamında jwzege kelgen ja'ne bir ta'liymat -sotsiogenetik kontseptsiya – qa'biliyetlerdin' rawajlanıwın, tek g'ana qorshag'an ortalıqtın' ta'siri astında dep tu'sindiredi. Bul bag'dar o'z zamanı ushın aldıng'ı esaplang'an XVIII a'sir frantsuz alımı K. Gelvetsiy ta'liymatınan baslang'an. K. Gelvetsiydin' ta'liymatına qarag'anda, barlıq adamlar aqılıy ha'm a'dep-ikramlılıq ta'repten rawajlanıwı ushın tuwılıwdan- aq ulıwma birdey ta'biyg'ıy imkaniyatqa iye boladı dep ko'rsetedi. Sonın' ushın adamlardın' psixologiyalıq qa'siyetlerindegi o'zgeshelik, tek g'ana ortalıq ha'm ta'rbiyanın' tu'rlishe ta'sir qılıwı menen payda boladı, dep tu'sindiredi. Bul teoriya adamlardın' psixologiyalıq, ruwxıy, aqıbette sotsiallıq ten'sizligi olardın' tuwma qa'siyetleri degen ta'liymatqa qarsı qaratılg'an edi. Bul teoriyanıq shet el ma'mleketlerindegi ha'zirgi tu'rli wa'killeri psixikanın' rawajlanıwında sotsial ortalıqtın' ju'da' ku'shli ta'siri bar ekenligin atap o'tedi.

Shaxstın' ja'miyetlesiwi haqqında ko'p g'ana ta'liymatlar bar bolıp, ha'r bir jas da'wirlerinde ha'r tu'rli tu's alatug'ınlıqların to'mende ku'rip shıg'amız.

Mektepke shekemgi jastag'ı balalar shaxsının' rawajlanıwı, ja'miyetlesiwi.

Baqsha jasındag'ı balalar shaxsının' qa'liplesiwine qaray, bul da'wirdi u'sh basqıshqa ajıratıw mu'mkin`

-birinshi da'wir- bul 3-4 jas aralıg'ı bolıp, bala emotsional ta'repten o'zin-o'zi basqarıwdın' bekkemleniwi menen baylanıslı:

-ekinshi da'wir- bul 4-5 jastı o'z ishine alıp a'dep-ikramlılıq ta'repten o'zin-o'zi basqarıw;

-u'shinshi da'wir- bolsa bul shaxsıy iskerlik ha'm isbilermenlik qa'siyetlerinin' qa'liplesiwi menen xarakterlenedi.

Mektepke shekemgi da'wirde a'dep-ikramlılıq tu'sinikleri barg'an sayın qatan'lasıp baradı. A'dep-ikramlılıq tu'sinikleri negizi sıpatında, olardın' ta'lim-ta'rbiyası menen shug'ıllanıp atırg'an u'lkenler, sonday-aq, dosları da bolıwı mu'mkin.

A'dep-ikramlılıq ta'jiriybeler tiykarınan sa'wbetlesiw, baqlaw, eliklew protsessinde, sonday-aq, a'sirese u'lkenlerdin', analardın' maqtawı ha'm kritikalawaı ta'sirinde u'tedi ha'm bekkemlenedi. Bala ha'mme waqıt baha, maqtaw alıwg'a ha'reket etedi. Bul baha ha'm maqtawlar balanın' tabısqa erisiwge bolg'an ha'reketlerinin' rawajlanıwında, sonday-aq, onın' o'mir jolın ha'm ka'sip tan'lawında a'hmiyeti ju'da' u'lken.

Baqsha jasındag'ı da'wirde balalarda sa'wbetlesiwdin' jan'a motivleri payda boladı. Olar shaxsıy ha'm isbilermenlik motivleri esaplanadı. Shaxslıq sa'wbetlesiw motivleri- bul balanı qıylandırıp ju'rgen ishki mashqalaları menen baylanıslı, isbilermenlik motivleri bolsa, ol yamasa bul isti orınlaw menen baylanıslı bolg'an motivler esaplanadı. Bul motivlerge a'ste-aqırınlıq penen bilim, ko'nlikpe ha'm ta'jiriybelerdi iyelew menen baylanıslı bolg'an oqıw motivleri qoyıladı. Bul motivler erte balalıq da'wirinen baslanıp, ju'zege keletug'ın balalardın' ta'biyg'ıy qızıg'ıwshılıg'ı ornında payda boladı, o'zin ko'rsetiw motivleri de bul jasta anıq ko'rine baslaydı. Bul motiv, tiykarınan balalardın'

syujetli-rolli oyınlarında tiykarg'ı roldi iyelewge, basqalar u'stinen qarawg'a, jarısıwg'a qorpaytug'ınlıg'ında, ne qılsada utıwg'a ha'reket qılıwlarında ko'rinedi. Mektepke shekemgi jastag'ı balalar ushın u'lkenlerdin' beretug'ın bahaları ju'da' a'hmiyetli. Balalar birinshi na'wbette ruwxıy a'dep-ikramlılıq norması ha'm qag'ıydaların, o'z ma'jbu'riyatlarına qatnası, ku'n ta'rtibine boysınıwı, haywan ha'm predmetler menen qatnas jasaw normaların iyeleydi. Bunday normalardı iyelew bul jastag'ı balalar ushın qıyın bolıp, olardın' jaqsı u'zlestiriwi ushın syujetli-rolli oyınlar ja'rdem beriwi mu'mkin. Baqsha jasının' aqırlarına kelip, ko'pshilik balalarda anıq bir a'dep-ikramlıq ko'z-qaraslar payda boladı, sonday-aq, adamlarg'a bolg'an qatnas penen baylanıslı bolg'an shaxsıy qa'siyetler rawajlanadı.

Adamlar bolg'an dıqqat-itibar, miyrimli bolıw qa'siyetleri rawajlanadı. U'lken jastag'a balalar ko'binese o'z ha'reketlerinin' sebeplerin tu'sindirip bere aladı.

3-3,5 jaslar aralıg'ında o'zlerinin' tabıslarına ha'm tabısqa erise almag'an waqıtlarına o'z pikirlerin bildiredi ha'm bul pikir, tiykarınan olardın' u'zlerine beretug'ın bahaları tiykarında payda boladı. 4 jasar balalar bolsa o'z imkaniyatların real bahalay aladı. Biraq, 4-5 jaslı balalar ele shaxsıy qa'siyetlerin qabıl etiwge ha'm bahalay almaydı, sonday-aq o'zleri haqqında ma'lim bir juwmaq shıg'ara almaydı. O'zin-o'zi an'law uqıbı u'lken baqsha jasınan rawajlanıp, aldın ol qanday bolg'anın ha'm keleshekte qanday bolıwın pikirlep ko'riwge ha'reket qıladı. Bul bolsa balalar beretug'ın «Men kishkene waqtımda qanday bolg'anma?», «Men u'lkeygende qanday bolaman?» degen sorawlarda ko'rinedi. Keleshek haqqında pikir ju'rgizip, balalar keleshekte ku'shli, ma'rt, aqıllı ha'm basqa bahalı insanıylıq pa'ziyletlerine iye bolıwg'a ha'reket etedi.

Kishi ha'm orta baqsha jasında bala xarakterinin' qa'liplesiwi dawam etedi. Ol a'sirese, balalardın' u'lkenler ha'reketin baqlawları tiykarında payda boladı. Sol jıllardan baslap, balalarda a'hmiyetli esaplang'an- erk, g'a'rezsizlik ha'm sho'lkemlstiriwshilik sıyaqlı a'hmiyetli shaxsıy qa'siyetler rawajlana baslaydı. U'lken baqsha jasında bala a'tirapındag'ı adamlar menen tu'rli xızmetlerde

so'ylesiw ha'm qarım-qatnas jasawg'a u'a'rene baslaydı. bul balag'a keleshekte adamlar menen qarım-qatnas jasaw, jumıs boyınsha tabıslı qatnas ornata alıwında payda keltiredi. Bul jasta balalar shaxsının' rawajlanıwında olardın' ata-anaları haqqında pikirleri ha'm olarg'a beretug'ın bahaları ju'da' a'hmiyetli esaplanadı.

U'lken baqsha jasındag'ı balarda ma'jbu'riyat sezimi- «ne jaqsı», «ne jamanlıg'ın» an'lawları menen olardın' a'dep-ikramlılıq haqqında ko'rinislerin ko'z aldına keltiriwleri arasında baylanıs bar. U'lken adamlar ta'repinen buyırılg'an qanday da bir tapsırmanı orınlawda o'zinen kewli tolıw, shadlıq sezimleri payda bolsa, qanday da bir ta'rtip qag'ıydanı buzıp alg'anında qapalıq, kewli tolmawshılıq sezimleri payda boladı.

Sonday-aq baqsha jasındag'ı balalarda ruwxıy sezimlerden doslıq, jora-joldaslıq ha'm ja'ma'a'tshilik sezimleri de ju'zege kele baslaydı.

Balanın' baqsha jasındag'ı da'wirinde estetik sezimlerinin' payda bolıwın, a'sirese, olardın' sulıw, taza kiyim-kenshek kiygenlerinde anıq ko'riwge boladı.

Kishi mektep jasındag'ı balalardın' shaxsının' qa'liplesiwi ha'm ja'miyetlesiwi.

Oqıw xızmeti kishi mektep jasındag'ı balalar ushın tek g'ana biliw protsesslerinin' joqarı da'rejede rawajlanıwı emes, balki shaxsıy qa'siyetlerin rawajlandırıw ushın da imka'niyat jaratadı. Jetekshi bolg'an oqıw xızmetinen tısqarı basqa xızmetler, oyın, sa'wbetlesiw ha'm miynet xızmeti de oqıwshı shaxsınıq qa'liplesiwine tuwrıdan-tuwrı ta'sir ko'rsetedi. Bul xızmetler tiykarında tabısqa erisiw motivleri menen baylanıslı bolg'an shaxsıy qa'siyetler payda bola baslaydı. Oqıw xızmeti kishi mektep jasındag'ı balalarda oqıwda ma'lim bir tabısqa erisiw mu'ta'jligin qandırıwg'a, sonday-aq, dosları arasında o'z ornına iye bolıwg'a imkan jaratadı. A'ne sol orıng'a yaki da'rejege erisiw ushın ha'm bala jaqsı oqıw ushın ha'reket qılıwı mu'mkin. Bul jastag'ı balalar o'zi erisken tabısların ha'mme waqıt basqa balalar menen salıstırıp baradı. Olar ushın ha'mme waqıt birinshi bolıw ju'da' za'ru'r. Kishi mektep jasındag'ı balalardag'ı jarısıwg'a tayarlıq motivi ta'biyg'ıy psixologiyalıq mu'ta'jlilik esaplanıp, bul motiv olarg'a ku'shli emotsional sharshawdı keltirip shıg'aradı. Bul qa'siyetler tiykarınan baqsha

da'wirinen baslap ju'zege kele baslaydı ha'm kishi mektep jasında, sonday-aq o'spirinlik da'wirinde anıq ko'zge taslana baradı. Kishi mektep jasındag'ı balalar u'lkenlerdin' ol haqqındag'ı pikir ha'm bergen bahalarına qarap, o'zleri o'zlerine baha beredi. Oqıwshının' o'z-o'zine bergen bahası, tiykarınan, tuwrıdan-tuwrı oqıtıwshının' bergen bahasına ha'm tu'rli xızmetlertegi tabıslarg'a baylanıslı. Kishi mektep jasındag'ı oqıwshılarda o'z-o'zine beretug'ın tu'rlishe- joqarı,, adekvat- ılayıq yamasa pa's bolıwı mu'mkin. Bul jastag'ı balalarda bolatug'ın iseniwshen'lik, ashıqlıq, sırtqı ta'sirlerge beriliwshen'lik, boysınıwshılıq sıyaqlı qa'siyetleri olardı shaxs sıpatında qa'liplestiriw ushın jaqsı imka'niyat jaratadı. Kishi mektep jası da'wirin balanın' tu'rli xızmetlerinde belgilep beriwshi tiykarg'ı, shaxsıy qa'siyetlerin ju'zege keliw ha'm bekkemlew da'wiri dep belgilew mu'mkin. Bul da'wirde tabısqa erisiw motivleri payda bolıwı menen bir qatarda, miynetsu'ygishlik ha'm g'a'rezsizlik sıyaqlı sıpatlar rawajlanadı. Kishi mektep jasındag'ı oqıwshılarda miynetkeshlik, tiykarınan, oqıw xızmetinde rawajlanadı ha'm bekkemlenedi. Miynetsu'ygishlik balada tek g'ana islegen miyneti o'zine ra'ha't bag'ıshlag'an waqıtta g'ana ju'zege keledi. Balada g'a'rezsizlik qa'siyetinin' rawajlanıwı tiykarınana u'lkenlerge baylanıslı. Eger bala ha'dden tısqarı iseniwshen', ashıq, qa'siyetli bolsa, onda a'ste-aqırınlıq penen boysınıwshan'lıq, g'a'rezlilik qa'siyetleri bekkemlenip baradı. Biraq balanı erteden erkinlikke iytermelew, onda ayırım unamsız qa'siyetlerdin'payda bolıwına alıp keliwi mu'mkin, sebebi o'mir ta'jiriybelerin, tiykarınan, kimlergedur eliklegen ta'rizde o'zlestiredi. Erkinlikti qa'liplestiriw ushın balag'a erkin orınlaytug'ın jumıslardı ko'birek tapsırıw ha'm og'an isenim bildiriw ju'da' a'hmiyetli. Sonday-aq, sonday bir sotsial-psixologiyalıq ortalıq jaratıw kerek, onda balag'a qanday-da bir erkin orınlawı tiyis bolg'an tapsırma berilisin, ol jumıstı orınlaw waqtında bala o'zin dosları aldında. u'lkenler ha'm basqa adamlardın' aldında lider dep sezsin. a'ne sol sezim balada erkin bolıwg'a iytermelewshi motivlerdi ju'zege keltiredi.

7-11 jasar balalar o'zlerinin' individual qa'siyetlerin an'lay baslaydı. balanın' o'zin-o'zi an'lawı da jedel rawajlanıp ha'm bekkemlenip baradı. Bul da'wirde balalar o'zlerinin' atlarına ko'birek itibar berip baslaydı ha'm olardın'

atları dosları ha'm a'tirapındag'ılar ta'repinen unamlı qabıl qılınıwına ha'reket etedi. Balanın' o'zinin' sırtqı ko'rinisi ha'm gewde du'zilisine beretug'ın bahası ha'm o'z-o'zin an'lawında a'hmiyeti u'lken. Kishi mektep da'wirinin' aqırına kelip balalar, a'sirese qızlar o'zlerinin' ju'z du'zilisine ayırıqsha itibar bere baslaydı. Kishi mektep jasındag'ı oqıwshının' oqıw xızmeti protsessinde o'zindegi minez-qulıqtı ha'm xızmetti o'zi ta'repinen baylanıstırıw qa'biliyeti rawajlanadı, sanalı tu'rde bir pikirge kele alıw qa'biliyti rawajlanadı, o'z xızmetin o'zi sho'lkemlestiriwge ha'mde bilim alıw protsessine bolg'an qızıg'ıwshılıg'ının' qarar tabıwına ja'rdem beredi. Oqıwshı minez-qulqının' motivlestiriliwi de u'zgeredi. Bunda dosları ha'm ja'ma'a'ttin' pikirleri tiykarg'ı motivler bolıp qaladı. A'dep-ikramlılıq sezimleri ha'm shaxstın' erklik qa'siyetleri rawajlanadı.

5-6 jaslarda ko'zge taslang'an balalardın' qa'siyetleri jıllar dawamında rawajlanadı ha'm bekkemlenedi. O'spirinlik da'wirinin' baslarına kelip, ju'da' ko'p shaxsıy pa'ziyletler qa'liplesip baradı. Balalardın' ndividuallıqları olardın' biliw protsessinde de ko'rinedi. Bul da'wirde balalardın' bilimleri ken'eyedi ha'm shuqırlasadı, ko'nlikpe ha'm ta'jiriybeleri bekkemlenedi. 3-4 klasslarg'a barıp, ko'pshilik balalarda ulıwma ha'm arnawlı uqıplılıqlar ko'zge taslanadı. Kishi mektep da'wirinde o'mir ushın ju'da' a'hmiyetli bolg'an tabısqa erisiw motivi bekkemlenedi, bul bolsa o'z-o'zinen basqa uqıplılıqlardı jedel rawajlanıwına alıp keledi.

Bul jastag'ı balalarda qabıl etiw, dıqqat, este saqlaw, oylaw ha'm so'ylew tolıq qa'liplesip bolg'anı ushın ha'm olarg'a ta'lim beriwde u'lkenlerge qollanılatug'ın usıllardan paydalanıw mu'mkin. Kishi mektep jasındag'ı balalar psixologiyalıq rawajlanıwına olardın' a'tirapındag'ı adamlar ata-anası ha'm a'sirese oqıtıwshı menen bolatug'ın qatnası arqalı erisiw mu'mkin. 3-4 klasslarg'a barıp bala ushın onın' dosları menen qarım-qatnasının' da a'hmiyeti artadı. Bul qarım-qatnaslardan u'lkenler ta'lim-ta'rbiya maqsetlerinde paydalanıwı mu'mkin. Bul jastag'ı balalar saatlap jalg'ız halda jaqsı ko'retug'ın jumısları menen shug'ıllanıwı mu'mkin ha'm sol tiykarında olarda miynetsu'ygishlik ha'm erkinlik pa'ziyletleri qa'liplesedi.

O’spirimlik da’wirinde shaxstın’ qa’liplesiwi ha’m ja’miyetlesiwi

Jınısıy jetilisiw o’spirimnin’ bul jastag’ı minez-qulqına tiykarg’ı biologiyalıq jag’day sıpatında ta’sir ko’rsetedi. Biraq, bul jag’day ta’sir esaplanadı. Sotsial faktorlar bolsa to’mendegiler bolıp esaplanadı` kishi mektep jasınan orta mektep jasına o’tiw, yag’nıy jeke oqıtıwshı basshılıg’ınan ko’pshilik oqıtıwshılar basshılıg’ına o’tiw ha’m qarım-qatnastag’ı o’zgerisler sotsial paydalı jumıslardı ken’eytirip barıw, erkin ha’m a’meliy jumıslardı ko’birek orınlaw, sonın’ menen birge balanın’ shan`araqtag`ı ornıda o’zgeredi.sol o’zgerisler ta’sirinde balalar fizikalıq ha’m aqılıy imkaniyatlarının’ o’sip barıwı mu’na’sebeti menen o’zlerine ko’birek isene baslaydı, ol endi sem`dag’ı mashqalalalardı shesheiwde de qatnasa baslaydı. U’lken o’spirimlerge qarag’anda kishi o’spirimlerde payda bolatug’ın kelispewshilikler olardag’ı jınısıy jetilisiwge emes, sonday-aq a’tiraptag’ı sha’rt-sharayalar, shan’araqtag’i ata-ana, ag’a-ini, apa-sin’lilerdin’ og’an qatnası, ma’ha’lle, yag’nıy sotsial sharayatlar ta’siri menen baylanıstırıw za’ru’r.

Sol sotsial sharayatlar sotsial ha’m olardag’ı psixologiyalıq ortalıqtı o’zgertiw menen, kishi o’spirimdegi minez-qulıq, o’jetlik, kemshiliklerin ta’n almawshılıq sıyaqlı ta’biyg’ıy qa’siyetlerdin’ aldın alıw mu’mkin.

Bazı bir oqıtıwshılar kishi o’spirimlerdegi bul o’zgerisler urısqaqlıq ha’m unamsız ta’sirler o’jetliklerinin’ negizi neden kelip shıqqanlıg’ı, nenin’ ta’siri ekenligin bilmey turıp, nadurıs dianoz ha’m juwmaqlar keltirip shıg’aradı ha’m bul, ko’p jag’daylarda jaman aqıbetlerge alıp keliwi mu’mkin.

Negizinde bul o’spirim yamasa mektep jasındag’ı balalardın’ psixologiyalıq jag’dayın ha’m psixikalıq rawajlanıp atırg’anlıg’ın esapqa alıw ha’m psixikalıq mashqalaların erkin ha’m durıs sheshkenleri ushın ja’rdem beriw, olardın’ aqılıy qa’liyetlerin rawajlandırıwshı metodlar ja’rdeminde olarg’a psixologiyalıq ta’sir ko’rsetiw za’ru’r. Kishi o’spirim jasındag’ılar menen islegende oqıwshının’ ha’r bir ishki ha’m sırtqı reaktsiyası artında onın’ o’z psixologiyalıq sebepleri barlıg’ın biliw za’ru’r. Bul «ma’deniyatsız», «zıyan», «tu’sinip bolmaytug’ın» dep atalatug’ın ha’reketler bir qarag’anda sonday bahalanadı, biraq bul ha’reketler shaxs qa’liplesiwi ushın arnawlı basqıshqa tiyisli qa’siyetler esaplanadı. Kishi

o'spirimnin' psixologiyalıq «mexanizmi» sxematikalıq ra'wishte to'mendegishe bahalanadı. Endokrin garmonlarının' payda bolıwı ha'm olardın' oraylıq nerv sistemasına ta'sir etiwi menen baylanıslı bolg'an jınısıy jetiliwdin' baslanıwı balalardın' aktivligin fizikalıq ha'm psixologiyalıq imkaniyatların asıradı ha'mde balada o'zin u'lkenlerdey seziw, erkin bolıw sezimlerin tu'yiw ushın qolay sha'rt-sharayatlardı keltirip shıg'aradı. Biraq, psixologiyalıq rawajlanıwdın' bul da'wirde de, bala ele erkin ha'reket islewge tolıq tayar bolmaydı. Tiykarg'ı qarama-qarsılıqtı keltirip shıg'aratug'ın faktorlardan biri bul, o'z erkinligin imkaniyatlardan da artıq da'rejede bahalaw esaplanadı. O'z imkaniyatların artıqsha bahalaw menen kishi o'spirimler psixologiyalıq imkaniyatları ortasında tosqınlıqlar payda boladı. Bul tosqınlıqtın' sheshiliwi qanday ju'z beredi ha'm ol balanın' sırqı ko'rinisi minez-qulıq qanday payda boladı?

Bizge ma'lim, ha'r bir balanın' mu'na'sebetleri anıq islegen islerinde ko'rinedi bekkemlenedi ha'm qaytalanadı. Bala o'zindegi erkinlikti qa'liplestiriw ushın o'zi erkin halda jumıslardı orınlawg'a tuwra keledi. Biraq, ekinshi ta'repten bir ma'rte erkin halda jumıs orınlaw ushın paydalanıw sha'rt-sharayatlarınan qashıq bolıwg'a ha'reket qıladı. Biraq erkin ha'reket qılıw ushın bala basqa mexanizmlerge iye emes. Bular o'spirimnin' o'z ku'shine ishki bir iseniminin' joq ekenligi, o'z aldında turg'an ha'm onın' na'tiyjesin anıq ko're almawshılıq aqıbeti bolıp tabıladı. Bul belgiler usı jasta balanı erkin ha'reket qıla alatug'ın, sol waqıtta a'tirapındag'ı adamlarg'a qarsı barıp, o'zinin' haq ekenligin qattı qorg'awg'a, basqa jag'daylarda bolsa o'zin basıqlıq penen uslawg'a iytermeleydi. Kishi o'spirimde o'zin-o'zi hu'rmet etiw ha'm o'zin-o'zi an'lawdı qa'liplestiriwdin' bir qansha usıllar bar. Mısalı` bul da'wirde u'lkenlerge eliklew yamasa shan'araqta o'z hu'rmetin talap etiw, o'z so'zin o'tkeriw, o'zin hu'rmetli, abıroylı u'lken jaslı adam obrazına uqsatıp rawajlandırıw ku'shli boladı. Olarg'a qanday da bir so'z yamasa qadag'alap bir na'rse aytsan', olar o'zlerinin' erkin pikirley alıwın, ha'r qanday jumıstı orınlay alatug'ınlıg'ın bildiredi. Sonnan ko'rinip turıptı, o'spirimnin' psixologiyalıq imkaniyatları jeterli emes yamasa rawajlanbag'an. U'lkenler, oqıtıwshılar o'spirimdegi bul protsessti psixologiyalıq ko'z-qarastan

bahalay alıwı og'an jasalma pedagogikalıq ta'repten ju'zeki qatnas jasamastan, kerisinshe, og'an o'z imkaniyatların arttırıwg'a, o'z ishki ha'm sırtqı qa'biliyetlerin durıs rawajlandırıwg'a bag'darlawımız za'ru'r. O'spirim jasındag'ı balanın' birinshi na'wbettegi umtılatug'ın na'rsesi, ol o'zin endi kishkene bala emes, u'lken bolıp qalg'anlıg'ın a'tirapındag'ılarg'a isendiriwden ibarat. Bul jasta u'lkenler o'spirimlerdi bilip-bilmey islep qoyg'an kemshilik ha'm qa'telerin ko'pshilik ishinde uyaltırıp, kemsitip, qaralap emes, balki, psixologiyalıq jol menen qatnas jasag'an halda ja'rdem beriw onı «u'lken bolıp qalg'anlıq» sezimin so'ndirip emes, balkim u'lken adam  qanday bolatug'ınlıg'ın ha'm qanday balaplarg'a juwap beriwi kerekligin tu'sindiriwi za'ru'r. demek, bul o'spirimnin' tolıq psixikalıq jaqtan rawajlanıwı ushın za'ru'r bolg'an o'mirdin' bir ha'diysesi ekenligin bilgen halda sol menen baylanıslı unamsız ha'reketlerdin' psixologiyalıq ko'rinisin durıs tu'siniwi ha'm balalardı o'zlerin u'lkenlerdey tutıwına qarsılıq ko'rsetpew, kerisinshe olardın' bunday ha'reketlerin unamlı ju'zine salıw ushın umtılıw kerek. O'spirimlerdin' o'z ten'leri menen qarım-qatnasta bolıwı ju'da' a'hmiyetli.

O'z ten'leri menen ten'lik tiykarında payda bolg'an mashqalalar qarım-qatnas tiykarında o'spirim ayırıqsha bir sotsial qarım-qatnaslar mektebin o'teydi, o'z-ara qızıg'ıwshılıqlar, a'tirap du'n`yanı, bir-birlerin tu'siniwleri olar ushın ju'da' qa'dirli bolıp tabıladı, o'spirimler ushın u'yge wazıypalar, u'y jumısları boyınsha ma'jbu'riyatlardı orınlawg'a qarag'anda ten'leri menen sa'wbetlesiwi a'hmiyetli esaplanadı. O'z jumıslarının' sırların bala endi ata-anasına emes, balki tenleslerine ko'birek isenedi. Ol endi unamsız ha'm unamlı ta'replerge ayırıqsha bir itibar bermegen halda o'zi qa'legen adamı menen qatnas ha'm sa'wbet protsessinde o'z shaxsını erkinlik penen tolıq ko'rsete aladı. Shaxsıy erkinlikti ol u'lken bolıw huqıqı dep biledi. Ata-analarının' o'spirimge sol erkinlikti bermesligi yamasa o'spirimnin' solay dep tu'siniwi na'tiyjesinde olar ata-anag'a qarsı pozitsiyada boladı. Sonı ayırıqsha aytıw mu'mkin, a'ne sol sa'wbet ha'm qatnas tiykarında o'spirimlerde g'urur sezimi rawajlanıp baradı. A'lbette, g'urur norma ha'm qag'ıydaları u'lkenlerden u'yreniledi, biraq o'z g'ururin qanday qorg'awdı o'spirimlerdin' ayırıqsha qadag'alawında boladı. olar arasında sadıqlıq ha'm

haqgo'ylik sıyaqlı sezimler joqarı bahalanıp, satqınlıq o'z-so'zinde turmaslıq, egoizm, qızg'anshaqlıq qattı qaralanadı ha'm qattı jazalanadı. Bul jaza ol menen urısıw, urıw, og'an qarsı baykot ja'riyalaw ha'm onı jalg'ızlatıp qoyıw tu'rinde bolıwı mu'mkin. O'spirimler o'zin hu'rmet qılıwdı, o'z pikirin ha'm qızıg'ıwshılıg'ın qorg'ap bilmegen doslarına ju'da' pa's baha beredi.

O'spirimlerdin' idealları tiykarında arzıw, maqset ha'm olardı a'melge asırıw planları ko'rine baslaydı. Belgili bir ka'sipke iykemi ha'm qızıg'ıwı payda boladı. Arzıw-u'mitlerinin' ha'r qıylılıg'ı menen bir-birinen keskin ajıralıp turadı.

O'spirimler oy-pikirlerin izertlegenimizde olarda a'dep-ikramlılıq tu'sinikleri birdey qa'liplespegenligin ko'rsetedi.

A. İ. Maliovanov o'spirimlerdi to'rt toparg'a ajıratadı`

1)Ha'reketlerinde o'zin-o'zi basqara alatug'ın, unamlı qag'ıydalarg'a tayanıp is ko'retug'ın o'spirimler;

2) a'dep-ikramlılıq tu'sinikleri qılıqlarına mas keletug'ın o'spirimler;

3) ha'reketleri a'dep-ikramlılıq normaları haqqında bilimleri menen ajıralıp turatug'ın, sol bilimlerge mas ha'reket qılmaytug'ın o'spirimler;

4) o'zleri biletug'ın a'dep-ikramlılıq talaplar menen ku'ndelik minez-qulqının' baylanısın tu'sinbeytug'ın o'spirimler.

O'spirimlik da'wiri o'zgesheliklerin izertlegen D. B. Elkonin ha'm T.V.Dragunovtın' ko'rsetiwinshe, er balalar ha'm qız balalardın' bul jasta dosları menen qarım-qatnas qılıwg'a umtılıwı, dosları ja'ma'a'tinin' o'mirine qızıg'ıwı anıq ku'rinip baradı.

V. A. Krutetskiy ha'm N.S. Lukinnin' pikirnishe, haqıyqıy doslıq ha'm shın doslıqta a'meliy ja'rdem, ashıq mu'na'sebet, ashıq kritikanı talap etedi.

O'spirimnin' klass ja'ma'a'ti o'mirinde aktiv qatnasıw ushın umtılıwı u'lken a'hmiyetke iye. Klass ja'ma'a'ti ag'zalarının' o'z-ara ja'rdem, birlik, ha'mda'rtlik, boysınıw a'deti, shaxslıq ha'mde sotsiallıq qızıg'ıwshılıqları rawajlanadı.

Erte jaslıq da'wirinde jaslarlardın' shaxsıy qa'siyetleri ha'm ja'miyetlesiwi

O'spirimlerdi ele tolıq er jetken dep aytıp bolmaydı, sonlıqtan olardın' shaxsıy qa'siyetlerinde ele balalıqtı bayqaw mu'mkin. Bul olardıq pikirlerinde, bir

na'rsege beretug'ın bahalarında, o'z o'mirine, keleshegine bolg'an ko'z-qaraslarında ko'zge taslanadı. Ko'pshilik o'spirimler mektepti pitkeriw waqtına kelip ka'sip tan'lawg'a nemqurayliq penen qaraydı. Bul da'wir o'spirimnin' o'zin-o'zi an'lawı sonday-aq, a'dep-ikramlılıg'ının' menen jan'a basqıshqa o'tiwi menen xarakterlenedi. İntellekti jaqsı rawajlang'an o'spirimler u'lkenlerdi ta'shwishke salıp atırg'an ma'sele mashqalalardı tu'sine aladı ha'm olardı talqılay aladı. O'spirimler ju'da' ko'p mashqalalı sorawlarg'a juwap izleydi. Olardın' dıqqatın ko'birek a'dep-ikramlılıq ma'seleleri tartadı.

O'spirimlerde a'dep-ikramlılıq ko'z-qarasları menen bir qatardı sotsial, siyasiy, ekonomikalıq, ilimiy, ma'deniy, diniy ha'm basqa tarawlar boyınsha belgili bir ko'z-qaraslar payda boladı. ju'da' ko'p jıllardan berli o'spirimlerdi jaqsılıq ha'm jamanlıq, haqıyqat ha'm nızamg'a zid na'rseler, a'deplilik ha'm a'depsizlik ma'seleleri qızıqtırıp keledi.

Ha'zirgi waqıtta o'spirimler ha'r bir na'rsege iseniwshen' yamasa unamsız mu'na'sebetlerge itibarlı bolmay, ba`lkim turmısqa real, aqılıy, a'meliy qaraytug'ın, ko'birek erkin ha'm mustaqil bolıwg'a umtılıwshı jaslar esaplanadı.

O'spirimler shaxsının' qa'liplesiwi protsessinde ja'ma'a't sho'lkemlerinin' roli u'lken a'hmiyetke iye. Olarda aktivlik, sho'lkemlestiriwshilik, erkinlik, ma'jbu'riyatlılıq, o'z ha'reketlerin kritikalay alatug'ın pa'ziyletler bekkemlenip baradı. O'zinin' kimligin, qanday ekenligi, qa'biliyetleri, o'zin nege hu'rmet qılatug'ınlıg'ının' sebeplerin izley baslaydı. Dos ha'm dushpanlarının' kimligin, o'zin ha'm do'gerek a'tirapın, a'lemdi biliw ushın ne islew kerek ekenligin an'lawg'a ha'reket etedi. Bazı bir o'spirimler o'zlerinen hesh qanaatlanbaydı, o'z aldılarına ha'dden tısqarı ko'p wazıypalar qoyatug'ın, biraq onı orınlay almaytug'ın boladı. Erte jaslıq da'wirinde o'spirimler ja'miyet arasında o'z ornın tawa baslaydı, a'tirapındag'ılar menen de mu'na'sebetleri o'zgere baslaydı.

Talabalardın’ shaxsıy qa’siyetleri ha’m ja’miyettegi ornı

İzertlewlerge qarag’anda talabalar degende materiallıq ha’m ruwxıy islep shıg’arıwda sotsial turmısqa ha’m ka’sipke tiyisli rollerdi belgili qag’ıyda ha’m arnawlı da’stu’r tiykarında orınlawg’a tayarlanıp atırg’an sotsial topar tu’siniledi.

Talabalıq da’wiri erte o’spirinliktin’ ekinshi basqıshınan ibarat bolıp, 17-22 (25) jastı o’z ishine aladı ha’m o’zinin’ bir qatar qaytalanbas qa’siyetleri, qarama-qarsılıqlar menen xarakterlenedi. Sol sebepli, o’spirinlik da’wiri shaxstın’ sotsial ha’m ka’siplik da’rejesin an’lawınan ibarat. Talabanın’ ko’z-qarasına qarag’anda, ideal «Men» ha’m belgili o’lshem tiykarında jeterli da’rejede tekserilip ko’rilmegen, sonın’ ushın olar ha’r waqıtta birden ju’z beretug’ın waqıyalar, olar ushın basqasha seziliwi mu’mkin, sebebi, real «Men» de shaxstın’ haqıyqıy bahasınan birqansha qashıq tu’sinik. Talaba shaxsının’ qa’liplesiwinde bunday obiektiv qarama-qarsılıqlar o’z shaxsıyatına qarag’anda ishki isenimsizlikti, oqıwg’a unamsız mu’na’sibetti keltirip shıg’aradı. Sonday-aq talabada oqıw jılı basında ko’terinkilik, joqarı oqıw ornına kirgenliginen kewli shadlıq sezimi ko’rinse, ta’limnin’ sha’rt sharayatı, mazmunı, a’hmiyeti, ku’n ta’rtibi, belgili nızamlılıqları menen jaqınnan tanısıw na’tiyjesinde onın’ ruhiyatında keskin tu’skinlik ju’z beredi. Joqarıda aytılg’an ishki ha’m sırtqı ta’sirler na’tiyjesinde onın’ ruwxıy du’n`yasında tu’skinlik, u’mitsizlik, ekileniw, shorshıw sezimleri payda boladı. Bizin’she, joqarı mektepte ta’lim-ta’rbiya jumısların planlastırıwda, ta’lim protsessinde talabag’a o’zine ta’n mu’na’sebette bolıw bul da’wirdin’ a’hmiyetli sha’rtlerinen biri esaplanadı.

A’dette talabalar 2-3 kurslarda joqarı oqıw ornı ha’m qa’nigelikti durıs tan’lag’anı haqqında ja’nede oylaydı.

Bul jas da’wirinde o’zin basqarıwdın’ sostav bo’lekleri, do’retiwshilik oylaw, belgili turmıs ta’jiriybesi, o’zlestirilgen bilimlerdi ta’rtipke salıw tiykarında sezimler, ko’z-qaraslar, o’zligin an’law ha’m bekkemlilik payda boladı. Olar oqıw ornına, mug’allimlerine, doslarına ko’nlige baslaydı ha’m o’z ornın tawıp aladı.

Ja`miyetlesiw – insa’n ta’repinen sotsial ta`jribeni iyelewi, turmıs ha`m xızmet protsessinde oni aktiv ta`rizinde qollaw bolıp esaplanadı. Demek,

ja`miyetlesiw ha`r bir shaxstın` ja`miyetke qosılıwı, onın` normaları, talapları, ta`siri, har bir hareketi ha`m mu`na`sebetinde oni ko`rsetiwi ha`m kerek bolsa, sol sotsial ta`jriybelerin o`z na`wbetinde o`zgelerge u`yrete alıw protsessi boladı.

Ja`miyetlesiw so`zinde berilgen en` ken` tu`sinik (lot. Sotsialis – sotsial, (jamoaviy)) individtın` ja`miyetke kirip kelgen, ondag`ı turmıs ushın za`ru`r bolatug`ın ta`jriybe, ro`ller, normalar ha`m qa`driyatlardı o`zlestiriw boladı. Ja`miyetlesiw protsessinde insa’nlarda ja`miyettegi qarım – qatnastın` bolıwında kerek bolatug`ın sotsial sıpatlar, bilimler, ko`nlikpeler qa`liplesip baradı.

Ha`zirgi zaman psixologiyada ja`miyetlesiw termininin` jan`a eki sinonimi ken` qollanıladı: yag`nıy bular «shaxs qa`liplesiwi» ha`m « ta`rbiya» protsessi. Ja`miyetlesiw «individtın` ja`miyetke kirip keliwi», «ja`miyette ta`sirlerdin` o`zlestiriwi», ha`mde «ja`miyettegi baylanıs protsessinde olardan paydalanıw» degen tu`sinikler arqalı ha`m koriniske iye boladı.

Ja`miyetlesiw – bul bizin` ja`miyetke qosılıp jasawdın` ha`m ja`miyette bar bolg`an sotsial ta`jriybelerdi o`zlestiriwden ibarat bolg`an protsess.

Shaxstın` ja`miyetlesiwi boyınsha is alıp barg`an alımlardan biri F. Fromm.

Shaxstın` ja`miyetlesiwinde ja`miyetlesiw mexanizmleri a`hmiyetli orındı iyeleydi. Frantsuz alimi Gabriel Tard, amerikalıq Yuri Bronfentrener, rus alimlarınan V.S.Muxina ha`m A.V.Petrovskiylardın` izertlewlerinde ja`miyetlesiw mexanizmlerine ha`r qıylı jantasıwlar keltirilgen.

Jamiyetlesiwdin` ja`ne bir tiykargı mexanizmlerinin` biri identifikatsiya bolıp tabıladı. Mısalı: İdentifikatsiya – individ ta`repinen sanalı ha`m sanasız ra`wishte basqalardın` minez – xulqı, qa`driyatların ha`m normaların o`zinde qayta tiklew.

İdentifikatsiya protsessinde shaxs qıyallap o`zin basqalar menen salıstıradı. Sotsial, jinsıy ro`llerdi, qa`driyatlardı, u`rp - a`detlerdi o`zlestiredi, olardı o`z – ara salıstıradı, pikir ju`ritedi.

Ulıwma psixologiyada qabıl etilgen tezistan kelip shıqqan jag`dayda aytatug`ın bolsaq, insa`n shaxs bolıp tawılmaydı, ba`lki shaxs bolıp qa`liplesedi.

Ja`miyetlesiwdın` duziliwine ko`re, shaxs qaliplesiw protsessi insan tuwılg`annan baslanadı.

G.M.Andreeva o`zinin` «Sotsial psixologiya» kitabında shaxs qa`liplesiwinin` 3 taraw arqalı a`melge asırılıwın aytıp o`tedi:

1. Xızmet tarawı, omir dawamında shaxs turli xızmetlerge bekitilgen bolıp, bul protseste xızmet tarawı ken`eyip baradı. Ha`r bir xızmet tu`ri individtan arnawlı pa`ziyletlerdi, ta`jribe ha`m ko`nlikpelerdi, bilimlerdi talap etedi.

2. Qarım – qatnas tarawı, a`sirese mektepke ha`m jas da`wirdegi ha`m o`spirim da`wirdegi qarım – qatnas balada bir neshe sotsial – psixologiyalıq qa`siyetlerdi payda etedi, bunın` na`tijesinde ol xızmet turmıslıq qa`siyetke iye boladı, ja`miyette o`z – ornın tabıwga erisedi.

3. O`z – o`zin an`law tarawı. Ja`miyetlesiwdin` ja`ne bir tarawı o`z - o`zin an`law bolıp esaplanadı. Ulıwma qılıp aytqanda, ja`miyetlesiw protsessi adamdag`i «Men» obrazının` qa`lipleskenliginen ko`rsetedi.Ko`plegen izertlewlerdi, shaxstag`ı «Men» obrazı birden qa`liplespeydi, onın` qa`liplesiwi pu`tkil turmıs dawamında ko`p sanlı sotsial ta`sirler astında payda boladı. O`z -o`zin an`law yag`nıy «Men» obrazı jıl sayın o`zgerip barıwshı protsess bolıp, o`zin basqalardan ayırmashılıg`ın, o`zinshe erkin ha`reket qılıwı , erkin pikir ju`ritiw qa`biletin an`laydı, o`z - o`zin bahalawı, an`law, o`z o`zin qadag`alaw o`zgeshelikleri rawajlanadı.

## 1.3. O`SPIRIMLIK DAWIRININ` PSIXOLOGIYALIQ O`ZGESHELIKLERI

O`spirimlik da`wiri «kamalat bosag`asi» dep aytiladi. Bul kamalat basqishi fiziologiyaliq, psixologiyaliq ha`m sotsial shegaralardi o`z ishine aladi. Psixologiya pa`ni o`spirimlik ma`selelerin kompleksli u`yreniwdi talap etedi.

Bul ju`da` qiyin ma`sele, sebebi psixofiziologiyaliq jetilisiw tezligi menen onin` basqishlari sotsialliq jaqtan rawajlaniw waqti menen ba`rqulla tuwri kele bermeydi. Akseleratsiya na`tiyjesinde bu`gingi balalardin` jetilisiwi buring`i a`wladlarg`a qarag`anda 2-3 jil burin jetilispekte. Fiziologlar bul protsessti 2-da`rejeli jinisiy belgilerdin` payda boliwina qarayq basqishqa ajiratadi.

I-basqish - prepubertat.

II-basqish – pubertat.

III-basqish – pospubertat.

Jaslardin` psixologiyasi o`spirimliktin` jasin I-II basqishlar menen baylanistirip keledi. Akseleratsiya mu`na`sibeti menen o`spirimlik jasinin` shegarasi endi 15-16 jastan 18 jasqa shekem bolmaqta. Demek, o`spirimlikten aldin baslanadi. Biraq bul jetilisiw da`wirinin` konkret ma`nisi birinshi na`wbette sotsialliq sha`rayatlar menen belgilenedi. Jaslardin` ja`miyette tutqan orni olardin` da`rejesi olar iyeleytug`in bilimlerdin` ko`lemi ha`m bir qatar basqa faktorlar sotsialliq sha`rayatlarg`a baylanisli.

Da`slepki o`spirimlik da`wirinin` ekinshi o`tiw da`wiri dep esaplaw mu`mkin. Eger birinshi o`tiw da`wirindegi ko`birek balaliqqa jaqin bolg`an ekinshi o`tiw da`wirinde bolg`an o`spirim jasliq da`wirge jaqiniraq ha`m sol ta`repten u`yreniledi. Da`slepki o`spirim jasi a`sirese onda g`a`rezsiz o`mirdin` baslaniwi menen (orta mektepti tamamlap, litsey, kolledjlerge kiriwi) xarakterlenedi. O`mirdegi bul o`zgerisler da`slep o`spirim shaxsqa o`zin an`lawg`a ta`sir ko`rsetedi, o`spirimlerden parqi da`slep o`spirimler u`lken o`mirdi ko`z aldina keltirmeydi, al onda qatnasadi. Onin` g`a`rezsizligi artiwi menen bir qatarda u`lkenlerdin` og`an mu`na`sibetleri de o`zgeredi. U`lkenler o`spirimge ko`birek

bala dep qarasa da`slepki o`spirimler o`mirde o`z ornin tabiwg`a umtiliwin an`lag`an jag`dayda boladi. Ol o`z o`mir rejelerin a`melge asiriw ushin ha`reket ete baslaydi ha`m belgili bir ka`sipti iyeley baslaydi yag`niy usi taraw boyinsha akademiyaliq litseylerde oqiwdi dawam etedi. O`spirimler tan`lag`an tarawlari yag`niy ka`siplerinde ju`da` u`lken jan`aliqlar arttirg`isi keledi, biraq a`ste-aqirinliq penen jan`aliq etiwi ushin olarda bilim ha`m ta`jriybe jetispey atirg`anlig`i bunin` ushin ko`birek oqiw ha`m u`yreniw kerekligin an`lay baslaydi.

O`spirimler (16-18 jasta) o`zlerinin` psixologiyaliq o`zgeshelikleri menen basqa jas da`wirdegi balalardan ajiralip turadi. Fizikaliq ha`m aqil jag`inan jetilisken, kamalatqa erisken ko`z-qarasi, o`zin-o`zi basqariwi siyaqli insaniyliq o`zgeshelikleri ta`rtiplesken boladi. Olar awir mu`na`sibette de boladi, u`lken jastag`ilarg`a hu`rmet penen qaraydi. Olar uzaqti go`zleytug`in keleshek ushin qayg`iratug`in ata-analardin` jaqin ja`rdemshisine aylanadi. Oqiw xizmeti o`spirimnin` tiykarg`i xizmeti bolip qala beredi. Oqiwg`a o`spirim jasina qarag`anda o`spirimlikte bir qansha jaqiniraq boladi. G`a`rezsiz o`mirge tayarlig`in o`zin-o`zi an`lawi menen mativler bul da`wirde jetekshi orindi iyeleydi. Motivler basqariwinda ja`miyettin` toliq ag`zasi boliwg`a umtiliwi insanlarg`a ziyan keltiriw siyaqli sotsialliq motivler u`stemlik etedi. Bul da`wirde o`spirimlerdin` kelesi o`miri ha`m tan`lag`an ka`sip rejelerine qaray pa`nlerge qizig`iwshilig`i o`zgeredi, o`spirimlerdin` pa`nlerge ha`m usi pa`n mug`allimlerine mu`na`sibeti o`zgeredi. O`spirimlik da`wirinde o`zi tan`lag`an maqsetlerine erisiwge tiykarlang`an mativler birinshi oring`a ko`teriledi. O`spirimler o`zlerinin` oqiwg`a bolg`an mu`na`sibetleri ha`m olardin` oqiw u`yreniwge iytermelewshi sebeplerdi jaqsi an`laydi. O`spirimlik jasinda bastan keshiretug`in oylarinin` baylig`i, tu`rli-tu`rliligi menen o`mirdin` tu`rli ta`replerine emotsional qatnasta boliwi menen ajiralip turadi. Aqil ha`m sotsialliq-siyasiy tu`rlerinin` rawajlaniwi menen xarakterlenedi. Olar a`dette aqil talaplar menen o`z-ara tuwri mu`na`sibette boladi. Bastan keshirgen oylari an`lap jetiw sezimleri de rawajlanadi. O`spirimlik jasinda oqiwshilarda ortaqliq oyinin` rawajlaniwi menen xarakterlenedi. Rossiya

psixologlari I.V.Straxov penen A.L.Shnirmannin` ta`riyplewinshe o`spirimlik jasindag`i dosliq o`spirimlik dosliqtan bazi bir o`zgeshelikleri menen pariqlanadi.

1. O`spirimlerde dosliq motivleri ju`da` teren`irek boladi. Bularda a`shkaraliq, o`z-ara isenim, talapshan`liq, sadiqliq birgelikte ba`rqulla ja`rdem ko`rsetiw kemshiliklerin tallaw, dostina ja`rdem beriw, o`z-ara hu`rmet, bir-birin tu`siniw ha`m t.b.

2. Dosliq oylari ju`da` mazmunli bolip, qizig`iwshiliqlar xizmetinin` ken` da`rejesin o`z ishine aladi.

3. Dosliq emotsional bolip, dostinin` keshirip otirg`an oylarina juwap bere aliw qa`biletine iye boladi. O`spirimlik jasindag`i dosliq ko`binese o`mir boyi dawam etedi. Dosliq qatnaslari ja`miyette ja`rdem beredi, onin` o`mirdegi xizmetin asiradi. Qasinda dostinin` barlig`in seziwi o`zi qiyinshiliqlardi jen`iwge ja`rdem beredi. O`spirimler dosliq, emotsional saplig`i siyaqli sezimlerin birinshi oring`a qoyadi. Doslar bir-biri menen ju`reklerin bosatadi. Doslarg`a sadiqliq meyirbanliq shaxstin` reflektivlik da`rejesine ha`m onin` emotsional o`mir o`zgesheliklerine baylanisli. O`spirim ha`mme waqit rasgo`y, sadiq boliwdi qa`leydi.

O`spirimlik jasinda ayriqsha bir oyi – muxabbati payda boladi. Bul mektep oqiwshilarinin` emotsional o`mirde ayriqsha bir jag`day bolip esaplanadi. O`spirimlik muxabbati sap, taza, tu`rli-tu`rli kemshiliklerge bay, mu`la`yim, oylarg`a beriliw ha`m sadiqliq belgilerine iye boladi. Ul balalar ha`m qiz balalardin` muxabbatti bastan keshiriwde bir-birin hu`rmet etiw, dosliq o`z-ara ja`rdem bir-birin tu`siniw o`zgeshelikler xarakterli bolip, olar bir-birindegi joqari ruwxiy sipatlardi qa`dirleydi. Ul ha`m qiz balalar ortasindag`i qarim-qatnaslar o`spirimlik jasinda rawajlang`an boladi. Doslarina qarim-qatnasi ken`eyedi. A`sirese qizlarda aralas dosliq sezimleri ken`eyedi. Balalarg`a ta`n 16-17 jaslarda birinshi za`ru`r ha`m jaqsi sezimleri ko`rine baslaydi. Eki jinis ortasindag`i o`z-ara qatnas ma`selesi tiykarg`i mashqalalarinan biri bolip esaplanadi. O`spirimlerde jaqsi ko`riw sezimi bir qansha jag`daylarg`a baylanisli.

Birinshiden – jinisiy jetiliw, ekinshiden – isenetug`in, su`yenetug`in ha`m ha`r qanday na`zik ma`seleler boyinsha so`ylesiw mu`mkin bolg`an dosqa sezimi,

u`shinshiden – bul ta`biyiy insaniy sezim esaplanip insan ko`binese o`zin jalg`iz seziwi ku`shli emotsional baylanisqa umtiladi. Izertlewshilerdin` boljawinsha bunday sezimnin` ku`sheygen tu`ri birinshi ret da`slepki o`spirimlik da`wirinde ju`zege keledi. Da`slep o`spirimler jalg`iz boliwdi qa`lemegenligi sebepli o`zleri jaqsi o`z-ara jaqin mu`na`sibette, bir-biri menen intim qatnasti izleydi. Bazi o`spirimler bir oylarina sonshelli berilip, basqa na`rseler haqqinda uliwma umitip qoyadi. Bul da`wirde o`spirimlerde jaqsi ko`riw mu`mkin bolg`an qiz yaki ul ideal payda boladi dep ko`p jillar dawaminda bul ideal saqlanip turadi. O`spirimler oyindag`i ideal birewdi unatiwg`a, jaqsi ko`riwge tu`rtki boladi. O`spirimlerdin` ideal obrazlari bazida real bolmaydi, yag`niy olar hesh kimdi «og`an» uqsatpaydi. Bul bolsa olarda isenimsizlik ha`m jalg`izliq oyin da ju`zege keltiriwi mu`mkin. Da`slep o`spirimlerge usi temada a`debiy a`debiyatlar oqiw, kinofilmler, teatrlarg`a bariwdi orinlaw ha`m ha`r tu`rli gu`rrin`ler o`tkeriw, olarg`a o`zlerin kelesi o`mirlerine ta`n o`mirlik joldaslarin tabiw ma`selesine ayqin jaqinlasiwg`a ja`rdem beredi.

Joqari klass oqiwshilarinin` biliw protsessleri tu`rli ta`rizde aniq etiwge ha`m bul ma`sele boyinsha ha`r ta`repleme oylag`an pikirin beriwge ja`rdem bere aladi. Bul jastag`i o`spirimler a`tiraptag`i tu`rli waqiya ha`diyselerdegi haqiyqatti biliwge umtiladi. Olardin` tu`rli sheshimleri mag`liwmatlar emes, al usi sheshim ha`m mag`liwmatlardi o`zleri taliqlaw, qidiriw protsessinin` o`zi ko`birek qiziqtiradi. Bunda tu`rli ma`seleler boyinsha temalar ju`rgiziwge ha`m olardin` pikirlerin aniqlawg`a ju`da` qizig`adi. O`spirimlik da`wirinde biliw protsesslerinin` rawajlaniwi dawam etedi. Biraq bul rawajlaniw o`spirimnin` o`zine ha`m og`an a`tirapindag`i baqlawshilarg`a kem seziledi. Bul da`wirge kelip, o`spirimler toliq oyg`a iye boladi, a`meliy pikirlep o`zlerin o`zleri analizley aladi. Olar endi biyma`lel aqiliy siyasiy ha`m basqa temalarda o`z pikirlerin bildire aladi.

O`spirimlik da`wirinde balalar ju`da` ko`p ilimiy tu`siniklerdi o`zlestirip, olardan tu`rli ma`sele ha`m mashqalalardi jen`iwde paydalana aladi. Balalarda tu`siniw ha`m o`zin-o`zi basqariw sezimleri o`sedi. O`spirimnin` o`zin-o`zi an`law, oqiw, miynet ha`m qarim-qatnas mativleri o`zgerisinde o`z ko`rinisin tapti. Bul

da`wirde balada jan`a xizmetler ju`zege kelip, psixologiyaliq rawajlaniwda jan`a basqish baslanadi.

O`spirimlik jasi oqiw, miynet, qarim-qatnas siyaqli jetekshi xizmet tiykarinda uliwma ha`m arnawli uqiplarinin` rawajlanip atirg`anlig`i menen xarakterlenedi. O`spirimlik da`wirinde biliw protsessinin` rawajlaniwi aktiv keshedi. Biraq rawajlaniw o`spirimnin` o`zine ha`m onin` a`tirapindag`i baqlawshilarina kesh seziledi. O`spirimlik da`wirine kelip, ju`da` ko`p balalarda o`z xizmetlerin aldinnan jobalastirip, uqibi jaqsi rawajlang`an boladi. Sonday-aq o`zin-o`zi basqariw ha`m o`spirimlik jasindag`i balalarda tez ko`zge taslanadi.

O`spirimnin` oqiwg`a mu`na`sibeti o`zgesheligi ha`m mazmuni ta`repinen basqa jastag`i oqiwshilardin` bilimlendiriw protsessindegi mu`na`sibetinen ajiralip turadi. Oqiw jobasi ha`m da`stu`rinin` qiyinlasiwi jan`a pa`n ha`m temalardin` kirgiziliwi, o`zlestiriliwi, a`meliy oyi ja`rdeminde a`melge asiriliwi sha`rt.

G.E.Zalesskiy oqiwshilarg`a sotsialliq ma`seleler, ekonomikaliq jag`dayda sotsialliq faktler ha`m ha`diyselerdi g`a`rezsiz ra`wishte ilimiy analizlew ha`m olarg`a baha beriw usillarin arnawli u`yretiw ha`m za`ru`rligin izertlew tiykarinda ko`rsetip bergen. Bul orinda oqiwshilardin` g`a`rezsiz pikirlewin aktivlestiriwge, tuwri basshiliq etken jag`dayda tanisiwi lazim. O`spirimlerdin` aqil jag`inan rawajlaniwinda a`meliy oylawinin` roli u`lken. O`spirim a`debiy shig`armalardi oqiw ha`m tu`sindiriw arqali g`a`rezsiz pikirlew ha`m tartisiwg`a u`yrenip baradi. Onda a`ste-aqirin ta`biyat ha`m ja`miyet haqqinda o`zinin` itibari qa`liplesedi. Belgili shaxstin` usi paziyletleri onda pikirlew, g`a`rezsiz oylaw, tuwri ha`m bir qararg`a kele aliw na`tiyjesi. O`spirimlerdin` a`debiy shig`armasin bahalaw, ol haqqinda jeke pikirdi bildiriwi mashqalanin` ta`repleri u`stinde tartisiwi insanliq jag`daylardin` ayqin da`rejede qatnasiwi aqildin` tap o`zindey turmista ushiraytug`in orinsiz o`spirimnin` a`debiy parasati ha`m o`mir ta`jriybesi to`men. Mug`allimnin` tiykarg`i waziypasi oqiwshinin` oylawindag`i a`dillik da`rejesine ko`teriwden olarg`a ha`diyse a`dillik, aqilliliq penen qarawdi u`yretiwden ibarat. O`spirimlerde materialliq du`nya haqqinda jeke pikirlew, ilimiy ko`z-qarasinin` ken`ligi, oylawinin` o`zgesheligi rawajlana baslaydi.

Aqildin` rawajlaniwi oqiw materiallarin puxta o`zlestiriwge bilimlendiriw protsessinde sho`lkemlestiriw, sipatlaw da tiykarg`i ko`nlikpelerdin` qa`liplesiwine imka`niyat jaratadi. Jag`daylari haqqinda juwmaq shig`ariw, tastiyiqlaw yag`niy biykar etiw qa`bileti rawajlanadi. O`spirim qa`bileti de bilimlendiriw protsessindegi miyneti rawajlanadi. Qa`bilettin` o`siwi bilimler, ko`nlikpe sipatina baylanisli bolip, shaxstin` o`siw protsessine qosilip ketedi. Demek, mektepte o`tiletug`in sabaqlar laboratoriyaliq jumislar, a`meliy tapsirmalar, referat, konspekt jaziw siyaqli jumislardi o`spirimlerdin` o`zlestiriwi ushin za`ru`r materiallardi g`a`rezsiz jag`dayda tu`siniwge alip keledi. Bulardin` barlig`i ilimiy-a`meliy oylawinin` tu`rleniwine do`gerektegi uliwma nizamshiliqlardin` o`siwine aqiliy imkaniyatlarinin` ju`zege keliwine ta`biyat ha`m ja`miyettin` rawajlaniwinin` nizamlarin tu`siniwge za`ru`r sha`rayatlar jaratadi. Joqaridag`ilardan ko`rinip turg`aninday o`spirim jasta oqiwshilar aqiliy xizmetinin` faktorlari ha`m usillari menen qurallang`an boladi.

O`spirimlerde aqildin` rawajlaniwinda oyinin` a`hmiyeti ju`da` u`lken, sebebi insan bir jumisti islewge kiriser eken a`lbette onin` na`tiyjesin ko`z aldina keltiriwi kerek. Ko`z aldina keltirmey turip hesh qanday jumisti jobalastiriw mu`mkin emes. O`spirimde oylaw da`rejesi jaqsi rawajlang`anda g`ana onin` o`z o`mirindegi idealdi oylay aladi. Usig`an baylanisli uzaq ha`m jaqin rejelerin du`zedi.

Ha`zirgi ul ha`m qiz balalar 30-40 jil aldin`g`i qatarlari menen salistirg`anda olardin` uliwma sezimleri joqari o`skenligin ko`riw mu`mkin. Intellektual qizig`iwshiliq da`rejesi ken` ha`m ha`r qiyli. O`spirimler radio, televidenie, ilimiy-xabar, shig`armalar, kinofil`mler ilim ha`m texnika u`lken rol oynamaqta. O`spirimlerdin` qizig`iwshiliqlari ha`r qiyli jag`dayda da o`zi tan`lag`an ka`sip ha`m bag`dari, sonday-aq o`mir jobalarina tiykarlang`an o`spirimlik jasina kelip er balalar ha`m qizlardin` ko`z-qarasi joqarilay baslaydi. Bul o`spirimnin` sirtqi a`lemdi tu`siniwge, bahalawina bolg`an mu`na`sibetlerin aniqlawg`a ja`rdem beredi.

O`mirde tu`rli ka`sipler bar. Bir adam bir neshe tu`rli ka`siplerdi iyelewi mu`mkin, biraq sonin` menen birge ha`r bir ka`sip sonday qiyin insan o`z o`mirin a`sirese sol bir ka`sipke bag`ishlawi mu`mkin. Ka`sip tan`law barliq da`wirden baslap balalardin` rolli oyinlarinda ko`rinedi. Demek bala oyin arqali toliq ka`sipler ha`m sol xizmet penen tanisa baslaydi. Ma`selen «magazin» yag`niy «bazar» oyini arqali bala da «satiwshi» ha`m «aliwshi» bola aladi. «Pul» ha`m «tovar» menen baylanis qiliwdi u`yrenedi. Bul basqish ka`sip tan`lawg`a tayarlaqtin` baslaniw basqishi dep ataw mu`mkin. Keyingi jas a`wladlarda bul tayarliq tu`rli xizmetlerde de tu`rli ko`rinislerde dawam etedi. «Men kim bolaman?» sorawina dus keledi. Belgili bir ka`sipte xizmet ko`rsetiwden baslap atirg`an o`spirim og`an intellektual, sotsial-psixologiyaliq ha`m aqiliy jag`inan tayar boliwi kerek. O`spirimlik da`wirdin` aqirlari ha`m o`spirimlik jasina kelip olarda miynet ko`nlikpe ha`m da`rejeleri rawajlanadi. Ta`jriybelerdin` ta`riplewinshe eger o`spirimlik da`wirinde olarda keleshekte jaqsi ka`sip da`rejesi ju`zege keliwinen u`mitleniw qiyin. Misali balaliq waqitlarinda texnika menen ha`rekette bola almag`an slesarliq a`sbap-u`skenelerinen paydalana almag`an, o`z qoli menen bir na`rseni orinlay almag`an bala talantli injener-konstruktor bolip jetilisiwi qiyin, yag`niy litsey ha`m kolledjlerde matematik, lingvistik, a`debiy jaqsi da`rejelerin ko`rsete almag`an bala u`lken bolg`anda hesh qashan ku`shli matematik, filolog bolip jetilise almaydi.

Bul jastag`i balalarg`a tartisiwg`a kirisiw da`rejesinin` tiyimliligi ha`m ju`da` za`ru`r, biraq ol jetekshi emes, tan`lag`an ka`sip ha`m bag`darlari boyinsha belgili bolmag`an o`spirimler g`ana ko`birek qatarlari menen tartisadi. Da`slepki o`spirimlik da`wirdi ka`sip, bilim, ko`nlikpe da`rejesinin` qa`liplesiwi ushin senzitiv da`wir dep esaplaw mu`min. Bul bolsa er balalar ha`m qiz o`miri ushin ha`m ja`miyet ushin da u`lken ziyan keltiredi. Ka`sip tan`law waqtinda da`slep o`spirimler o`z qa`lewi ha`m qa`biletlerin jeke sipatlar, nerv sistemasinin` tipi, analizatorlar o`zgesheligi emotsional-basqariw sipatlarin da esapqa aliwi za`ru`r.

Olar a`dil boliw tu`sinigine ha`m real ta`rizde jantasadi. Ma`selen o`tken jillardag`iday «a`dillik bul ha`mmege bir qiyli emes, ba`lki ha`r kimnin`

imkaniyatina qarap ha`m adamlardin` jumisina yag`niy insan ma`pine qosqan u`lesine qarap belgilenedi» - dep tu`sinedi ha`m dodalaydi.

O`spirimler sanali ra`wishte iyelegen moral normalari tiykarinda o`z ha`reketlerin jolg`a saliwg`a umtiladi. Bul bolsa o`spirimnin` o`zin an`lawinin` o`siwinde ko`rsetiledi. O`zin an`lawi qiyinlasip psixologiyaliq struktura bolip, to`mendegilerdi o`z ishine aladi.

- birinshiden, balada sirtqi a`lemdegi predmet ta`sirinen payda bolg`an emotsiyalari o`z denesi menen ajiratilg`anda ju`zege keledi;

- ekinshiden, o`zinin` jeke «men» ligin aktiv xizmeti tiykarinda an`lawi;

- u`shinshiden, o`zinin` psixologiyaliq o`zgesheligi ha`m paziyletlerin an`lawi;

- to`rtinshiden sotsial, moralliq, o`z-o`zine baha beriwdin` belgili sistemasin an`lawi. mine usinday elementlerdin` barlig`i bir-biri menen funktsional ha`m genetik baylanisqan. Biraq bulardin` ha`mmesi sizge belgili, bir waqittin` o`zinde qa`liplespeydi.

O`spirimlikte o`zinin` jeke qa`siyetlerine baha beriw ku`sheyedi. O`spirim de o`mir siyaqli o`z qa`dir qimbatin, onin` nelerdi isley aliwin bilgisi keledi. O`zine baha beriw eki usilda boladi.

I. Adam o`zin qolg`a kirgizgen siyliqlari na`tiyjesi menen bahalaydi. Ma`selen bala qiyin jag`dayda o`zin joyitpaydi yag`niy jas balani o`rtten qutqaradi. «Men qorqaq emespen» - deydi. Belgili bir qiyin tapsirmani orinlaydi. «Men qa`biletlimen» - deydi Moralg`a tiyisli bunday ha`reketler o`spirim o`zin sinawi kerek.

II. Sotsialliq, yag`niy o`zi haqqindag`i basqa islerdi, pikirlerdi salistiriwdan ibarat. Ma`selen: oqiwshilar ta`repinen «ma`rtlik» - dep maqullang`an ha`reketi mug`allim «qa`lbeki dosliq» - dep aytadi. Bunda balalar o`z ha`reketleri haqqinda oylap bas qatira baslaydi. O`spirim oqiwshinin` o`spirim da`wirindegi baladan o`zgesherek ja`ne bir o`zgesheligi – bul qiyin shaxslar mu`na`sibetlerinde orinlawshi waziypa, hu`jdan paziyletin an`law o`z qa`dir-qimbatin qa`dirlewdi seziw de orinli.

O`spirim oqiwshida o`zin baqlaw negizinde o`zin ta`rbiyalaw paziyleti tuwiladi. Na`tiyjede onda o`zin-o`zi ta`rbiyalaw o`zgesheliklerin tan`law, olardi ku`ndelik tumisqa ko`ndirip ko`riw ruwxindag`i belgili kemshiliklerdi tuwrilaw, jaqsi paziyetlerdi qa`liplestiriw menen sheklenip qalmastan ba`lki erjetken adamlarg`a ta`n ko`p qirli, uliwmalasqan idealg`a ta`n ta`rizde boliwina bag`darlang`an boladi. Oqiwshilar o`zinde shaxstin` en` qimbatli paziyletlerin oqiw ha`m miynet da`rejesin an`li rejeli ta`rtipli ta`rizde iyelep bariwg`a shaxstin` belgili bir paziyletleri ha`m o`zgesheliklerine ha`reket etedi. O`zin-o`zi ta`rbiyalaw, mashqalalari ruwxiy ko`rinisin qa`liplestiriwge umtiladi.

O`spirim oqiwshilardin` o`zin o`zi ta`rbiyalaw protsessi oqiw, ja`miyet sho`lkemlestiriwshileri, pedagoglar ja`miyetinin` ta`rbiyasi ta`siri astinda boliwi sha`rt. O`zin-o`zi ta`rbiyalawdin` ja`miyette mu`na`sip orin iyelewge, sotsialliq waziypani an`lawi, paydali miynet islewi, o`zin-o`zi ta`rbiyalaw, izge saliw ushin birlikti qa`liplestirgen ta`rbiyaliq shara-ilajlardi birlik ta`rizde ta`sir o`tkeriw ja`miyet ma`jbu`riyati o`z-ara ja`rdem ha`m gu`zetiw, o`z-ara bahalaw da maqsetke muwapiq.

O`spirimlerde erjetkenlik oyi teren`lesip barip, o`zin-o`zi basqariw, o`z ruwxiy ko`rinisin ko`rsetiw sezimi o`sedi. Bul na`rse olardin` ayriqsha shaxs ekenligin ta`n aliwg`a umtiliwinda o`z ko`rinisin tabadi. Bunin` ushin ayirim jaslar tu`rli modalarg`a hayran qaliw, ma`deniyatqa, qosiqqa, ka`sip-o`nerge, ta`biyatqa qizig`iwshiliqlarin atqariwg`a ha`reket etedi. Oqiw ha`m miynet ja`miyet ta`sirinde, ma`rtlik, sabirliliq, hadalliq siyaqli insaniy paziyletler qa`liplesedi. Menmenlik, o`z ma`pin oylawshiliq, qorqaqliq siyaqli paziyletlerdin` jog`aliwi tezlesedi.

O`spirimler shaxsinin` qa`liplesiwi protsessinde ja`miyettin` roli ayriqsha, a`hmiyeti orinli. Olarda moralliq, g`a`rezsizlik, o`z ha`reketlerin bahalaw siyaqli paziyletleri de ko`rinedi. O`spirim ul ha`m qizlardin` ja`miyetke aktiv qatnasiwi arqali qa`bileti ko`rinedi. Dos ha`m dushpanlarinin` kimligi, o`zi qa`lewi, o`zin ha`m do`gerektegi a`lemdi jaqsi biliw ushin ne islew kerekligin biliwge ha`reket etedi. Belgili o`spirimler o`zlerinen hesh qanaatlanbaytug`in, o`z aldina ha`dden tis

ko`p waziypalar qoyatug`in, biraq onin` kewlinen shig`a almaytug`in boladi. Bul bolsa o`spirimlerdin` kelshektegi tabislari, sha`rtlerinen biri.

O`zin-o`zi hu`rmetlew ha`m onin` o`zgeshelikleri to`mendegilerden ibarat. Demek joqarida ko`rsetip o`tilgenindey shaxstin` erte o`spirimliktegi en` za`ru`r paziyletlerinen biri o`zin-o`zi hu`rmetlew, o`z-o`zine baha beriw ha`m o`zin shaxs dep ta`n aliw yag`niy almaw da`rejesi. O`spirimler o`zlerinde shaxstin` belgili kompleksi sipatlarin qabil etiwge umtiladi. O`zin-o`zi ta`rbiyalaw ma`selelerinde bir pu`tin ruwxiy psixologiyaliq ko`rinisti qa`liplestiriw ma`selesi qiziqtiradi. Bunda shaxs ideali da u`lken a`hmiyetke iye. Ma`selen: ul balalar qaharmanliq, jaqsi ata, mug`allim vrach yag`niy a`debiy shig`arma ha`m de kinofil`mlerdegi obrazlardi o`zlerine ideal dep bilse; qizlarimiz miynetkesh, na`zik, ja`miyetlik isker, iybeli u`y biykesi yag`niy ilimiy xizmetker ha`m t.b. O`z-ara mu`na`sibet ha`m emotsional o`mirdi o`zi belgilewdin` qiyin mashqalani o`spirimnin` o`zi orinlay almaydi. Bul ma`seleni o`spirimnin` ata-anasi o`z qatarlari, mug`allimlerdin` qatnasiwinda olardin` qollap-quwatlawinda esapqa aladi.

## 1.4. INSANNIN` SHAXS SIPATINDA QA`LIPLESIWI HA`M SOTSIAL ORTALIQTIN` ORNI.

Insannin` shaxs sipatinda qa`liplesiwi ha`m bunda sotsial ortaliqtin` orni. Shaxs ja`miyettin` ag`zasi, sotsial ha`m shaxslar araliq mu`a`sibetlerdin` na`tiyjesi, sanali xizmetin subiekti bolg`an inviddir.

Shaxstin` baylig`i, onin` o`mirine aktiv mu`na`sibetti, basqa adamlar menen bolg`an mu`na`sibetinin` ha`r tu`rligine baylanisli boladi.

**Individ** - so`zi latinsha «Individium» bo`linmes ma`nini an`latadi. Ha`r bir adam o`zi mu`na`sip bolg`an klass, qarim-qatnasqa ta`n bolg`an uliwma sipatlar menen bir qatarda jeke o`zgesheliklerine ha`m iye, olar shaxstin` takraralanbas individuallig`idir.

**Individualliq** – ma`lim sipatlarg`a iye bolg`an sonday adam bolip, bul sipatlar tek g`ana sol adamg`a ta`n boladi.

Shaxs sirtqi turmis sharayatlari ta`sirinde qa`liplesedi.

Soraw: bir qiyli sharayatda ta`rbiyalang`anda ha`r bir o`zinin` jeke o`zegesheligine iye bolama?

Juwap: shaxstin` qa`liplesiwinde sotsial faktorlardan tisqari biologiyaliq faktorlar ha`m ta`sir ko`rsetedi.

Bul faktorlardi bir-birin ajiratip qoyiw natuwri.

Payda bolatug`in qa`siyetler menen tabiyiy bar bolg`an qa`siyetler o`z-ara baylanisli sirtqi sharayatlar ta`sirinde adamnin` qa`liplesiwin ishki sharayatlarg`a baylanisli halda payda boladi.

***Shaxstin` turaqlilig`i.***

Shaxs o`zin tu`rli sharayatlarda tu`rlishe tutiwg`a qaramay tiykarg`i jeke sipatlari azli-ko`pli turaqli boladi. Eger adamnin` qa`siyetleri bilip alinsa, onin` ma`lim bir jag`idayda o`zin qanday tutiwin aytiw mu`mkin.

Shaxstin` psixologiyaliq qa`siyetleri insannin` sotsial ta`rbiyasi, onin` o`mir ha`m xizmeti, ta`lim ha`m ta`rbiya ta`siri astinda payda boladi. Shaxtin` qa`liplesiwi ol jasaytug`in ja`miyet sha`riyatlari  ha`mde mine usi sotsial sha`riyatlarda ol, olardan ta`lim ha`m ta`rbiya menen belgilenedi.

Toparlar ha`m olardin` shaxs rawajlaniwindag`i ta`siri.

Ha`r bir bala jasaytug`in sotsial ortaliq bir emes, ba`lkim bir neshe qabattan ibarat. En` jaqin ha`m birinshi qabat shan`araq ortalig`i. Shan`araqqa qarag`anda ken`irek qabatti balanin` sirtqi, yag`niy bir qabatin-balanin` ag`ayinleri quraydi. En` ken` qabat sotsial ortaliq esaplanadi.  Onnan tisqari is-ha`reket u`lgileri, ayrim kisilerdin`  qatnasi arqali emes, ba`lkim kitap ha`m ga`zeta, radio, kino, televidenie, ja`miyette ornatilg`an nizam-qag`iydalar, adamlar, a`dep-ikramliq talaplar, milliy qa`diryatlar arqali a`melge asiriladi.

Biraq, eger balanin` jeke aktivligi bar bolsa, ortaliq rawajlaniwina ta`sir ko`rsete almaydi. Tek g`ana jeke aktivligin ko`rsetgende g`ana bala a`tirap-ortaliqtin` ta`sirin sezedi, sonda g`ana onin` rasmiy qa`siyetlerin ko`ritiwi mu`mkin.

Sonin` ushin o`mirdin` sirtqi sha`riyatlari, sirtqi ta`sirler insan shaxsin u`ziliksiz emes, ba`lkim onin` ortaliq penen o`z-ara ta`siri protsessi arqali, onin` sol ortaliqtag`i xizmeti ja`rdeminde belgileydi. Sonin` ushin ortaliq, ta`rbiyaliq ta`sir haqqinda aytqanda oni insannin` sirtqi ortaliq penen aktiv ta`sir protsessi, ta`rbiyashi menen ta`rbiyalaniwshinin` aktiv o`z-ara baylanisi sipatinda tu`siniw za`ru`r.

Insan aktiv tirijan sipitinda, o`z shaxsin sanali rawishte ozgertiwi mu`mkin. Shaxtin` qa`liplesiwinde o`z-o`zin ta`rbiyalaw. Yag`niy kisinin` jeke qa`siyetlerin qa`liplestiriwge qaratilg`an sanali isi ulken a`hmiyetke iye bolip baradi.

Shaxs toparda, yag`niy mine usi toparda ornatilmag`an mu`na`sibetler ha`m qarim-qatinas ta`sirinde rawajlanadi. Demek, topardin` rawajlaniwi shaxstin` toparda rawajlaniwi sipatinda payda boladi.

Individ o`zine ta`n za`ru`rlik, yag`niy shaxs boliw za`ru`rligi ha`mde shaxs boliw qa`biletine iye.

Shaxs boliw za`ru`rliginin` qandiriliwi ta`minlenedi ha`m tu`rli islerdi a`melge asiriwga imkan jaratadi.

Usi za`rurlikti a`melge asiriwda joqari rawajlang`an da`rejege iye bolg`an toparlar u`lken a`hmiyetke iye.

Shaxs rawajlaniwi jan`a sotsial ortaliqqa qosiliw ha`m ol menen birlesiw sipatinda ko`z aldina keltiriw mumkin. Sha`rtli rawishte bul ortaliqti turaqli, o`zgermes dep qaraladi.

Turaqli bolg`an ortaliqta shaxstin` rawajlaniwi 3 basqishti basip o`tedi. Bular-adaptatsiya, indivedualizattsiya ha`m integrattsiya basqishlaridur.

Demek, insan shaxs sipatinda sotsial ortaliqtin` sheshiwshi ta`siri astinda qa`liplesedi. Ta`jiriybede ko`rsetiwinshe, insanyat ja`miyetten sirtta haqiyqiy rawajlang`an insan, shaxs bola almaydi.

Sotsial psixologiyada shaxti u`yreniwdin` o`zine ta`nligi.

Shaxs tu`rli sotsial protsesslerdin` qatnasiwshisi ha`m aktiv a`melge asiriwshisi bolg`anlig`i ushin sotsial psixologiyada u`yreniledi. Shaxs mashqalasi uliwma psixologiyada ha`m, psixologiyanin` qatar arnawli bo`limlerinde ha`m

u`reniledi. Ha`r bir bo`lim yaki tarmaq oni o`z temasi ha`m wa`ziypalari shaxsg`a baylanisli bolg`an mashqalalari jaritiladi. Ma`selen, uliwma psixologiya shaxsti psixologiyaliq xizmetinin` na`tiyjesi, ayriqsha psixik protsesslerdin` iyesi dep qaraydi.

Jan`a sotsial psixologiya aldi menen bir toprdin` ag`zasi esaplang`an shaxs minez xulqi qanday nizamliqlarg`a boysiniwin,shaxstin` qarim-qatnas sestemasinda alg`an ta`sirleri onin` sanasinda qanday ko`riniwin u`yrenedi.

Toparlardin` shaxs psixologiyasina ta`siri qay usilda ko`riniwi sotsial psixologiyada sotsiallasiw mashqalasi menen u'ziliksiz baylanisli bolsa, bul ta`sirlerdin` shaxs is-ha`reketleri minez xulqinda qanday ko`riniwi sotsial jol-joriqlar mashqalasi menen baylanisli. A`ne usi tiykarda shaxsda qa`liplesetu`g`in pa`ziyletler ha`m olardin` tu`rli tiyptegi shaxslarda ko`riniwi aniqlang`an halda shaxs minez xulqin basqariw mexanizmin islep shig`iw sotsial psixologiyanin` tiykarg`i waziypalarinin` biri.

Shaxs qa`liplesiwinin` o`zara tarawi basqishlari bar:

► Xizmet tarawi, yag`niy o`mir dawaminda shaxs tu`rli xizmetlerge u`zliksiz emes bag`darlang`an bolip, bul protsesste pa`n qa`teligi ken`eyip bayip bara beredi. Ha`r bir xizmet tu`ri individten arnaw pa`ziletlerdin`, ta`jiriybe ha`m ko`nlikpelerdin` bilimlerdin` barlig`i talap etiledi, olardi ko`nliktiriw jolindag`i aktivligi onda o`zine ta`n sotsial psixologiyaliq o`zgeshelikler kompleksin qa`liplestiredi.

► Qarim-qatnas tarawinda a`sirese mektepke shekemgi jastag`i o`spirimlik da`wirindegi qarim–qatnas sistemalari birqansha sotsial sezimlerin payda etedi, onin` na`tiyjesinde ol aktiv o`mirlik abiroyg`a iye boladi, ja`miyette o`z ornin ko`z aldina keltire aladi.

► O`zin o`zi an`law tarawi, yag`niy “men” obrazi jil sayin o`zgerip bariwi protsessi bolip en` aldi menen o`zi basqalardan parqlilig`i, o`zinshe g`a`rezsiz ha`reket, erkin pikir ju`rite aliw qa`biletin aniqlaw, keyin o`z-o`zin bahalaw, an`law, basqara biliw rawajlandiradi, olar ha`m aktiv shaxs psixologiyasinin` bir bo`legi. Shaxs sotsializatsiyasi, joqarida aytip o`tilgenindey, bala tuwiliwi menen

baslansa da, sezilerli na`tiyjelilik pikirlerinen onin` 3 basqishi parqlanadi. Ma`selen birinshi basqish miynet xizmetine shekem bolg`an basqish bolip, og`an balanin` mektepke shekemgi jas da`wiri ha`mde oqiw jillari kiredi.

Shaxstin` sotsiyal ustanovkalari

Sotsial ustanovka shaxs minez xulqinin` ishki an`lanbag`an yaki azg`ana an`lanbag`an motivlerine kiredi.

Ma`selen, bir adamg`a a`debiyattan bir topar shig`armalar topari yamasa sol jaziwshi jag`iwin tu`sinbeydi. Sol topardan jan`a bir kitap qolg`a ko`p kirgende ol a`lbette jag`iwi kerek degen ko`z qarasta boladi. Sol ma`nide alip qarag`anda sotsial ustanovka shaxsta an`lanbag`an mu`na`sibetlerge uxsaydi. Biraq negizinde onin` ta`biyati ju`da quramali, sebebi sotsial ustanovka tu`sinigi mu`na`sibetler ha`m, shaxsiy ma`ni ha`m bahalar sistemasi ha`m bilimler ha`m o`z ko`rinisin tabadi, yag`niy sotsial ustanovka shaxstin` tu`rli sotsial obiektlerge bolg`an mu`na`sibetin bildiriwdin` ishki mexanizmi bolip sol mexanizmler menen islesiwge, olardi bahalwg`a ha`mde ma`lim ta`rizde qabil qiliwg`a tayarliq halati bolip esaplandi.

Sotsial ortaliqtin` ta`siri minez xuliqta u`zliksiz ko`rinedi, ol yamasa bul minez xuliqtin` sebebi onin` motivi esaplanadi. Sotsial psixologiya shaxs minez xulqinin` motivleri sipatinda sotsial ustanovkani u`yrenedi.

Sotsial ustanovka mashqalasi AQSHta ha`r ta`repleme teren` u`yrenilgen ma`selelerden esaplanadi. Amerikaliq alimlar onin` shaxsinin` alding`i o`mirlik ta`jiriybesine, ondag`i sotsial ko`z qaraslarg`a baylanislilig`in u`yrenip shaxs minez xulqin tu`rli sharayatlarda basqariwshi mexanizm ekenligin sipatlag`an. (U.Tomas, F.Znanetskiy, G.Olport, M.Smit, K.Xovland, Laper, D.Kats, N.Rokich ha`m basqalar) olar sotsial ustanovkani bir so`z benen – "attityud" so`zi menen bildiredi. 1942 jilda M.Smit attityudtin` u`sh komponentli strukturasin islep shiqqan.

► Kognetiv bo`lim – bul shaxstag`i attityud obiektke tiyisli bilimler onin` adam ta`repinen an`laniwi. Bug`an shaxstag`i bilimlerden tisqari idealar, ko`z qaraslar printsipler ha`m t.b. lar kiredi.

► Affektiv bo`lim bul sol obiektti sezim emotsional bahalaw bolip, jaqtiriw yamasa jaqtirmasliq sezimler kiredi.

► Konetiv bo`lim yaki minez xuliq penen baylanisli bolg`an bo`limde bolsa obiektke tiyisli a`melge asirilatug`in is-ha`reketler, minez-xuliq kiredi. Biraq bazi alimlarda ustanovkanin` sol obiektke yamasa jag`dayg`a qarap boliwi mu`mkinligi haqqinda mag`liwmatlarda bar edi. A`sirese Laperdin` 1934 jilda o`tkizgen taniqli eksperimenti bug`an misali boliwi mu`mkin. Eksperimenttin` mazmuni to`mendegishe edi.

Laper eki Qitayliq talabalar menen AQSh boylap sayahatqa shiqti. Olar ha`mmesi bolip 252 miymanxonada bolip, olardin` derlik ba`rshesinde jilli mu`na`sibettin` guwasi boldi. Ma`lim bolg`aninday sol payitlarda belgi boyinsha adamlarg`a tan`lap mu`na`sibette bolg`an, Qitaylilar ha`m sari ta`nliler siyaqli kemsitiler edi. Laper menen joldas bolg`an talabalarg`a mu`na`sibet penen alimg`a bolg`an mu`na`sibet ortasinda derlik parq sezilmedi. Sayahat tamam bolg`annan son` Laper sol ba`rshe miymanxana iyelerine minnetdarliq xatin jazip ja`ne sol talabalar menen barsa ja`ne usinday jilli ku`tip aliwi mu`mkinligin soradi. Juwap tek g`ana 128 miymanxana iyelerinen keldi. Olardin` birewinde unamli juwap, 58-inde qarsi juwabi, qalg`anlarinda tu`rlishe formada aniq emes juwaplar alindi. Bunnan Laper sonday juwmaqqa keldi: demek Qitay milletine tiyisli shaxslarg`a ustanovka menen miymanxana iyelerinin` real minez xuliqlari ortasinda parq bolip, negizinde ustanovka unamsiz ekenligi, jag`dayg`a qarap bolsa ol basqasha unamli bolg`anlig`i aniqlandi.

Sotsial ustanovkag`a ta`n bolg`an uliwma nizamliqlardan ja`ne biri onin` uzaq mu`ddetli este saqlaw menen baylanislilig`inda. A`ne sol jag`dayda qa`liplesken obrazlar uzaq mu`ddetli este saqlanip ol bul jag`dayda aktuallasadi, yag`niy “janlanadi”. Ma`selen, bazi bir etnik steriotipler a`ne sol este saqlaw obrazlarinda esaplanadi. Demek sotsial ustanovka obiektke ha`mde konkret jag`dayg`a baylanisli boladi.

Qa`liplesken sotsial ustanovkanin` o`mir dawaminda o`zgeriwi mu`mkinligi ayiriqsha sotsial psixologiyaliq a`hmiyetke iye. Amerikaliq alim Xovlant

pikirinshe, sotsial ustanovka u`yretiw joli menen o`zgeriwi mu`mkin. Yag`niy oqitiwshilardag`i tu`rli ustanovkalardi o`zgertiw ushin rag`batlandiriw yamasa jazalaw sistemasin o`zgertiw lazim bolip esaplanadi.

Shaxs tipleri ha`m olardin` sotsial psixologiyaliq xarakteristikasi.

Psixologlardin` pikirinshe, (G.Asmolov, P.Chixerev, V.A.Yadov, P.Nadirashivili ha`m t.b.) sotsial ustanovkalardi o`zgertiw ushin sol ustanovkanin` sebebi bolg`an jag`day yamasa xizmettin` maqseti ha`m motivin o`zgertiw sha`rt. Sol na`rse shaxstin` aktiv sanali xizmetinde ju`z beredi.

Sonday qilip, shaxs sotsiallasiw protsessinde tu`rli ustanovkalardi ju`zege shig`ariw sharayatinda aktivlik ko`rsetedi. Sonday aktivliktin` na`tiyjesin biz onin` sotsial – psixologiyaliq sipatlarinda ko`remiz. Yag`niy aktiv birgeliktegi xizmet o`z ara qarim qatnas protsessinde sotsial psixologiyaliq qa`siyetleri qa`liplesedi. Sonin` ushin ha`m ba`rshe sipatlar xizmette ko`rinedi ha`mde qarim qatnasta ko`rinetug`in sipatlar toparina bo`linedi. Ma`selen sirtqi du`nya menen aktiv mu`nasibet pertseptiv qorg`aniw sipatlari, yag`niy o`zine qa`wip saliwshi yaki saliwi mu`mkin bolg`an sotsial ta`sirlerden qorg`awshi qa`siyetler qa`liplesedi. Bul sipatlardi bazi avtorlar pertseptiv qa`biletler dep atasa, basqalari “Sotsial ta`sirlerge sezimli juwap beriw qa`bileti”, “Baqlawshiliq”, “ziyreklilik” ha`m tag`i basqalardi atag`an. Basqa sipatlar “Qarim qatnasta ko`riniwshi sipatlar”. Olar tu`li sotsial ku`tiwler sistemasi menen baylanisli bolip, shaxslardin` tu`rli sharayatlarda tuwri qarim-qatnasta kirisiw imkaniyatin beredi. Bunnan tisqari, ha`rbir shaxsta o`zine ta`n ta`rizde du`nyani, adamlardi qabil qiliw ha`m tu`siniw qa`bileti bar, olar qarim-qatnas protsessinde kemirek qa`telerge jol qoyiwdi ta`miyinleydi. Ma`selen, basiqliq, o`zgelerdin` ishki du`nyasinin` ga`pleri, is-ha`reketlerge qaray biliw qa`bileti ha`m basqalar solar qatarinda. Sol qa`siyetlerdi qay da`rejedi ko`rsete aliwina qarap shaxs tipleri pariqlanadi.




Ekstrovert ha`m introvert tipdegi shaxslar

►Ekstrovert – ju`da qarim-qatnasqa kirisiwshen`, o`zin adamlar toparlarisiz ko’z aldina keltire almaytug`in shaxs. Onin` ushin qarim-qatnas haqiyiy za`ru`rlik, basqalardin` onin` tu`sinbewine qaramastan, ol ha`mme waqit o`z pikirlerin ortaqlasqisi keledi. Ekstrovert ushin konkret kim menen qarim-qatnasta boliwi emes, uliwma kim menen bolsada qarim-qatnasta boliwi qa`lewi a`hmiyetli. Sonin` ushinda ol uliwma tanis emes adam menen so`ylesip, kirisip kete aladi. So`yleskisi kelmegen jat adamlardin` psixologiyasin tu`siniwi qiyin. (“qanday qilip so`ylesiwdi qa`lemew mu`mkin?”, – dep oylaydi ol). Ekstroverttin` qizig`iwlari ha`m tez-tezden o`zgerip turadi, doslarin ha`m almastirip turiwg`a umtiladi. Bunnan tisqari ol ju`da qiziwshan bolg`anlig`i ushin ha`m ha`r qanday sharayatta waziyattan shig`iw usullari haqqinda tez juwmaqqa keledi, ju`da qizig`iwshan, du`nyada bolip atirg`an ha`diyseler, “mish-mishlar”di biliw onin` ushin za`ru`r. Ekstrovert kek saqlamaydi, bu`gin urisqan adami menen erten hesh na`rse bolmag`anday apaq-shapaq bolip ketiwi mu`mkin.

►Entrovert bolsa ekstroverttin` kerisinshesi. Ol ko`birek ishki dialog formasindag`i qarim qatnasti abzal ko`redi, yag`niy jalg`izliqta pikir ju`ritiw, o`zi haqqinda oylaw ha`m usig`an usag`anlar olar ushin tiykarg`i jumis esaplanadi. Sonin` ushinda onda qarim-qatinasqa ustanovka ju`da pa`s, filosofiayliq pikirlew qolay, sebebi ol adamlar toparlarda payda bolip turatug`in qarama qarsiliqlardan qorqadi, o`zin alip qashadi. Eger qarim-qatnasta eki u`sh adamnan artiq bolmag`an topardi abzal ko`redi. Sonda da ha`r ku`ni emes, bazi bazida ushirasip turiw, so`yleskendeda “Shaxsiy” temalarda emes, uliwma g`apler haqqinda

sa`wbetlesiwdi jaqsi ko`redi. Sebebi ol ektrovertten parq qilip, o`z “men”inin` basqalarg`a uqsamaslig`in ha`r waqitta esinte tutadi. Introvert turaqli standartlar, belgilengen normalar a`leminde jasaydi, qiziqqan na`rsesi menen o`mirinin` aqirina shekem bolsa da shug`illaniwg`a tayar, o`mir joldasina sadiq opali. Doslarina da a`ne sonday.

Mobil ha`m rigid tiptegi shaxslar

► bul shaxs tipleri qarim qatnasqa kirisiw mezonina qarap pariqlanadi. Ma`selen, mobil tip ha`r qanday jumis penen ba`nd bolg`an sharayatta ju`da tez qarim-qatnasqa kirisedi. Biraq basqa na`rselerge diqqatin ko`shiriwi mu`mkin. Ol tez so`yleydi, ha`mishe asig`adi, ju`z timsallari da tez o`zgeredi. Sa`wbet temasinda tez-tez o`zgertip turiwg`a meyil so`ylesip ketiwi qay da`rejede an`sat bolsa, ga`pin tamamlap, xoshlasip ketiwide an`sat. Sa`wbet tamam bolg`annan keyin qalg`an isin dawam ettirip kete beredi.

► Rigid sa`wbetles bolsa onin` kerisinshesi. Bunday shaxs da`l bolsa da, bir xizmet tu`rinen ekinshisine ko`shiwi ju`da qiyin, ol ma`lim mu`detti talap qiladi. Sebebi ol oylamastan ta`wekkel is qila almaydi. Ma`selen, ol xat jazip atirg`an payitta kirip qalsan`iz, bir bo`legine noqat qoymag`ansha sizge qaramaydi. Qarag`annan keyin bolsa, tez sa`wbetke kirise almaydi. Rigid shaxs ju`da jaqsi sa`wbetles. Mobil tiptegi sa`wbetles penen so`yleskende, ol tez-tez ga`pin bo`lip, sa`wbetlesine so`z bergisi kelmeydi, regid bolsa ju`da diqqat penen tin`laydi. Biraq o`zi so`ylegende, a`sten oylap tuwri so`ylewdi jaqsi ko`redi, ga`pin bo`liwin sira` qa`lemeydi. Eger sa`wbetin bo`lsen`iz, keyingi sapar siz benen so`ylespey qoyiwdi abzal ko`redi. Eger onin` menen ushirasip qalsan`iz, ko`p waqtiqa shekem onin` ashiwi shiqpaydi, sizdi aqirina shekem esitip, a`ste juwap beredi, ondag`i ashiw shig`iwi a`dette siz ketkennen keyin keledi. Eger onin` sa`wbetlesi sabirsiz adam bolsa, ekewinin` kelisiwi qiyin, sebebi ol uzaqtan kelip tu`sindiriwdi jaqsi ko`redi. Demek bul tipler ha`m ha`r qiyli, ha`r birinde ha`m jaqsi, ha`m jaman sipatlar bar.

Dominant ha`m tobe tiptegi shaxslar.

►Dominant tip qarim-qatnas protsessinde sira` basqlardan pa`s keliwdi qa`lemeydi, soraw berilse, qa`lese juwap beredi, bolmasa u`ndemesligida

mu`mkin. Ol ha`mme waqit sa`wbetlesiwine ta`sir ko`rsetiwi, onin` boysiniwin qa`leydi. Onda egoizm sezimi ku`shli, o`zi qa`te piker ju`rites, qa`teligin sa`betlesi sezse ha`m oni moynina almaydi. Dominant tip – turaqli sa`wbet dawaminda ol sizdin` pikirin`izdi yarim jolda tu`sinse, sizdi aqirina shekem tin`lawdi qa`lemeydi, ga`pin bo`lip, mu`la`yimlik penen ga`pin juwmaqlap qoyiwi mu`mkin. Eger eki sa`wbetles ha`m dominant bolsa, onda olar ortasinda an`sat g`ana baxslasiw sezimi ju`zege keledi, kelise almay qaliwlari mu`mkin. Sonin` ushin, ja`njellesip qalmawi ushin dominant shaxstin` erkinligi o`zin uslap tutiwina ko`niw, og`an o`z pikirin aqirina shekem bayan etiw imkaniyatin beriw lazim.

►Tobe tipi shaxs bolsa sa`wbetlesinin` qaraslarina maslasiwshi, sonin` ushin ol kem urisadi, biraq jaman ko`rip qalg`an adami menen uliwma so`ylespeydi. Sa`wbet sharayatinda a`ste aqirin o`zinin` tirsheligin ko`rsetedi, ashiq so`ylesedi, ayirim waqitlari qarsiliqlar bildiriwi mu`mkin. Tobe shaxsli balalardi marapatlaw maqsetke muwapiq, sonin` ushin da olardi maqtap turiw, so`ylep atirg`anda ko`zler, ju`z timsallari menen olardi ruwxan qollap turiwi kerek. Bir qararg`a keliw kerek bolip qalsa, bul shaxs qarardi jaqsisi siz qabil qilg`anin`izdi qa`leydi, sebebi juwapkerlikti moynina aliwdi qa`lemeydi.

# II.BAP. O'SPIRIMLIK DA`WIRINDEGI SHAXSININ` QA'LIPLESIWINDE SIRTQI SOTSIALLIQ ORTALIQTIN' ROLIN EKSPERIMENTAL U`YRENIW

## 2.1. SOTSIAL PSIXOLOGIYALIQ MASLASQANLIQ XARAKTERISTIKALARIN U`YRENIW METODIKASI (F.K.Rodjers, R.Daimond)

Sotsial – psixologiyalıq maslasqanlıq shkalasının' original variantı 1954 jıl F.K.Rodjers ha'm R.Daymond ta'repinen islep shıg'ılg'an. Usı sorawnama mekteplerdegi «ta'rbiyası qıyın balalar»dın' emotsiya ha'm minez – qulqındag'ı buzılıwlardı u'yreniw ushın (Murzenko V.A. 1922), mektep adaptatsiyası – dezadaptatsiyasının' ko'rsetkishi sıpatında baslang'ısh ta'limnen orta ta'limge o'tiwdegi qıyınshılıqlardı u'yreniw ushın (Prixojan A.M. 1984), qa'nigelestirilgen mekteptegi ta'limnin' quramalasqan formalarına maslasıw protsesinde o'spirimlerde o'z – o'zin an'lawdın' qa'liplesiwine ta'n o'zgesheliklerdi u'yreniw ushın (Snegireva T.V. 1978), orta arnawlı ha'm joqarı oqıw orınları sha'rayatlarına maslasıwdın' individual o'zgesheliklerin u'yreniw ushın (Osnitskiy A.K. 1992) oqıwshılardın' tu'rli toparlarında sınap ko'rilgen.

Metodikadan paydalanıw protsesi sonı ko'rsetedi, ol tiykarınan o'spirimler ushın mo'lsherlengen. Biraq ol kishi o'spirimler menen islewdede na'tiyjelerin beriwi mu'mkin.

Metodika tiykarın quraytug'ın insannın' sotsiallıq ortalıq ha'm o'z – o'zine bolg'an mu'na'sibeti modeli o'z – o'zinde rawajlanatug'ın, o'z minez – qulqı ushın juwap beriwge qadir sub`ekt sıpatında shaxs kontseptsiyasınan kelip shıg'adı. Shkala 101 hu'kmnen ibarat bolıp, olardın' 12 si shaxstın' sotsial – psixologiyalıq maslasqanlıq o'lshemlerine muwapıq keledi (bul o'lshemler ko'p ta'repten shaxs jetikligi o'lshemlerine mas kelip, olar arasında o'z qa'dirin biliw ha'm o'zgelerdi hu'rmet qılıwg'a qa'dirlik, xızmet ha'm mu'na'sibetlerdin' real a'meliyatı ushın ashıqlıq, o'z mashqalaların tu'siniw ha'm olardı sheshiwge umtılıw sıyaqlılar bar). Keyingi qw hu'kim maslaspag'anlıq o'lshemlerine tiyisli (o'zin ha'm basqalardı qanday bolsa sondaylıg'ınsha qabıl ete almaslıq, shaxsıy ta'jiriybe u'stinde pikir ju'ritiwde «tosıqlar»dın' barlıg'ı, mashqalalardan qashıw, psixikalıq protsesslerdin' mortlıg'ı sıyaqlılır). Qalg'an 27 biyta'rep hu'kimnin' bir bo'limi jalg'an shkalasın quraydı.

**Tu'sindirme`** Sorawnamag'a insan, onın' turmıs ta'rizi` keshirmeleri, pikirleri, a'detleri, minez – qulıq uslubı haqqındag'ı hu'kimler kirgizilgen. Olardı o'z turmıs ta'rizimiz benen salıstırıw mu'mkin.

Ha'r bir hu'kimdi oqıp, o'z a'detlerin'izge, turmıs ta'rizin'izge salıstırın' ha'm bul hu'kim Sizge qay da'rejede ta'n ekenligin bahalan'. Bunın' ushın juwap betindegi «0» den «6» g'a shekemgi bolg'an 2 bahadan, pikirin'izge ko're, muwapıq kelgen birewin tan'lan'.

**Sotsial psixologiyalıq maslasqanlıq sorawnaması.**

1. Kim menen bolsada sa'wbetlesiwge kirisip atırg'anda o'zin qolaysız sezedi.
2. Basqalardın' qasındaashılısıwg'a qa'lewi joq.
3. Ha'r jumısta jarıs, bellesiw, gu'resti jaqtıradı.
4. O'zine joqarı talaplar qoyadı.
5. Ko'binshe qılıp qoyg'an jumısı ushın o'zin ayıplaydı.
6. Ko'binshe o'zin kemsitilgen sezedi.
7. Qarama – qarsı jınıs wa'killerinen kimge bolsada jag'ıp qalıwı mu'mkinligine gu'man mene qaraydı.
8. Ba'rqulla wa'desinin' u'stinen shıg'adı.
9. A'tiraptag'ılar menen jaqsı, jaqın mu'na'sibette.
10. Basıq, ishimdegini tap deytug'ın insan.
11. A'wmetsizliklerinde o'zin ayıplaydı.
12. Juwapkershilikli adam, og'an isense boladı.
13. Neni bolsa da o'zgertiriw qolınan kelmesligi, ba'oqulla urınıwları paydasız ekenligin biledi.
14. Ko'p na'rselerge ten'lesleri ko'z qarası menen qaraydı.
15. Ulıwma a'mel qılıw lazım bolg'an qag'ıyda ha'm talaplardı qabıl etedi.
16. O'z pikiri ha'm qag'ıydaları jetispeydi.
17. Qıyal su'riwdi, ayrım waqıtları ku'ppa' - ku'ndizi, jaqsı ko'redi. qıyallarınan haqıyqatqa qıyınshılıq penen qaytadı.
18. Ha'mme waqıt qorg'anıw ha'm ha'tte hu'jimge tayar` qapagershiliklerine «tutqın» bolıp, qasas jolların tan'lap ju'redi.
19. O'zin ha'm is ha'reketlerin basqara aladı, o'zin ma'jbu'r qıla aladı, ruxsat ete aladı, o'z – o'zin baqlaw onın' ushın mashqala emes.
20. Tez – tezden keypiyatı buzıladı, isjaqpaslıg'ı tutadı.

21. A’tiraptag’ılar onı qızıqtırmaydı, pu’tkil qıyalı o’zinde, o’zi menen a’were.

22. Adamlar, a’dette og’an jag’adı.

23. O’z sezimlerinen uyalmaydı, ashıq ko’rsetedi.

24. Adamlar ko’p bolsa, bir az jalg’ızlıq seziledi.

25. Ha’zir o’zinde emes, ha’mmesin jıynastırıp, bir jerge jasırınıp alg’ım kelip turıptı.

26. A’dette, a’tiraptag’ılar menen mu’na’sibeti jaqsı.

27. O’z – o’zi menen gu’resiwi barg’an sayın qıyın bolıp atır.

28. A’tiraptag’ılardın’ o’z – o’zinen jaqsı mu’na’sibette bolıwı gu’manlıraq ko’rinedi.

29. Jaqsılıqqa isenedi, optimist.

30. Qaysar adam, bundaylar menen kelisiw qıyın.

31. Adamlarg’a kritikalı qaraydı, olar sog’an ılayıq dep bilse kritikalaydı.

32. O’zin jetekshi emes, eriwshi dep biledi, ha’mme waqıt ta erkin pikirlew ha’m ha’reketlene almaydı.

33. Onı tanıg’anlardın’ ko’pshiligi og’an jaqsı mu’na’sibette, jaqsı ko’redi.

34. Ayırım waqıtları sonday pikirler keledi, birewge aytqın’ kelmeydi.

35. Sırtqı ko’rinisi kewildi tartadı.

36. O’zin qolınan hesh na’rse kelmeytug’ınday ko’redi, kimnin’ bolsada qasında bolıwına mu’ta’j.

37. Qarar qılg’annan son’ og’an a’mel qıladı.

38. Ko’rinisinen g’a’rezsiz qarar qabıl etkendey, birewlerdin’ ta’sirinen qutıla almaydı.

39. O’zin ayıplawg’a sebep joq bolsa da, ayıpdar sezedi.

40. O’zin qorshap turg’an na’rselerdi jaqtırmaydı.

41. Ha’mme na’rseden kewilli.

42. O’zin jog’altıp qoyg’an, o’zin qolg’a ala almaydı, ku’shlerin ja’mley almaydı.

43. Sharshag’an, a’wele qızıqtırg’an na’rselerinin’ ba’rine birden biypa’rwa bolıp qalg’an.

44. Qa’tirjem, basıq.

45. Ashıwı kelgende o’zin jog’altıp qoyadı.

46. Ko’binshe o’zin xorlang’an dep biledi.

47. Shıdamsız, asıg’ıs adam, basqlıq jetispeydi.

48. O’sek te qılıp turadı.

49. Sezimlerge ko’p isenebermeydi, olar ayırım waqıtları aldamshı bolıp shıg’adı.

50. O’z – o’zinshe qalıwı biraz qıyın.

51. Sezim emes aqıl birinshi orında, aldın oylap alıp is ko’redi.

52. O’zi menen baylanıslı ha’diyselerdi o’z bilgeninshe bildiredi, bir na’rselerdi oylap tabıwı mu’mkin.

53. İnsanlarg’a basıq, ha’r kimdi barınsha qabıl etedi.

54. Mashqalaları haqqında oylamawg’a ha’reket qıladı.

55. O’zin qızıqlı adam, shaxs sıpatında sezilerli dep biledi.

56. Tartınshaq, an’satg’ana hawlıg’ıp qaladı.

57. Jumısın aqırına shekem jetkeriwi ushın a’lbette tu’rtkilep turıw kerek.

58. Kewlinde basqalardan u’stem ekenligin sezedi.

59. Bir na’rsede o’zin, o’z Menin ko’rsete almaydı.

60. Basqalardın’ o’zi haqqındag’ı pikirinen qorqadı.

61. A’melparas, a’wmetke, maqtawg’a parıqsız emes, o’zi ushın a’hmiyetli na’rselerde en’ jaqsılar qatarında bolıwg’a umtıladı.

62. Ha’zirgi ku’nde ko’p ta’repten jaman ko’riwge ılayıq adam.

63. Aktiv, sho’lkemlestiriwshi, g’ayratlı adam.

64. Qıyınshılıqlar, quramalı jag’daylardan qorqadı.

65. Sonshelli o’zin jetkilikli qa’dirlemeydi.

66. Ta’biyattan jetekshi ha’m basqalarg’a ta’sir qıla aladı.

67. Ulıwme o’zine jaqsı mu’na’sibette.

68. Qatan’ adam, o’zinin’ pikirinde qatan’ turıw onın’ ushın a’hmiyetli.

69. Kim menen bolsa da mu’na’sibetleri buzılıwın, a’sirese bul anıq ko’rinis payda etiwin jaqtırmaydı.

70. Uzaq waqıt qarar qıla almaydı, keyin onın’ durıslıg’ına ekilenip ju’redi.

71. Ha’mmesi qarısıp, aralasıp ketken, o’zin jog’altıp qoyg’an.

72. O’zinen kewili toq.

73. A’wmetsiz.

74. Jag’ımlı, o’zine tartatug’ın adam.

75. Ba’lkim sırtqı ko’rinisinen onshelli emes shıg’ar, biraq insan, shaxs sıpatında jag’ıwı mu’mkin.

76. Qarama – qarsı jınıs wa’killerin jaman ko’redi ha’m olar menen aytısıp ju’rmeydi.

77. Nenidur qılıw kerek bolsa, qorqıw iyelep aladı. Epley almasam ne, shıqapsa ne

78. Kewili qa'tirjem, tınısh, ayrıqsha qa'weterli na'rse joq.

79. Qatan'lıq penen isley aladı.

80. O'sip atırg'anın, u'lkeyip atırg'anın sezedi, o'zi de ha'm a'tirapqa mu'na'sibeti de o'zgerip atır.

81. Ayırım waqıtları ulıwma tu'sinbeytug'ın na'rseler haqqında da so'yleyberedi.

82. Ha'mme waqıt tek g'ana haqıyqattı so'yleydi.

83. Qa'weterde. Tınıshsız.

84. Nenidur orınlawg'a ma'jbu'r qılıw ushın jaqsıg'ana qatan' bolıw kerek, sonda g'ana ol isleydi.

85. O'zine isenbeydi.

86. Ko'binshe sha'rayat o'zin aqlawg'a, ha'reketlerin tiykarlap beriwge ma'jbu'r qıladı.

87. Boysınatug'ın, jumsaq adam.

88. Aqıllı insan, fikirlewdi jaqsı ko'redi.

89. Ayırım waqıtları maqtanıwdı jaqsı ko'redi.

90. Qarar qabıl etedi de, sol waqıtta aq o'zgertiredi, bunın' ushın o'zin jaman ko'redi, biraq hesh na'rse qıla almaydı.

91. O'z ku'shine iseniwge ha'reket qıladı, birewdin' ja'rdemine ko'z tikpeydi.

92. Sira' keshikpeydi.

93. Qanday da bir sıg'ılıw, ishki baylanıstı sezedi.

94. Basqalardın' ishinde ajıralıp turadı.

95. Onshelli isenimli dos emes, ha'mme na'rsede su'yene beriw jaramaydı.

96. O'zin o'zi jaqsı tu'sinedi, o'zinde ha'mme na'rse belgili.

97. Kirisiwshen', ashıq adam, basqalar menen tez tabısıp ketedi.

98. Ku'sh ha'm qa'biliyetleri sheshiliwi lazım bolg'an wazıypalarg'a tolıq mas keledi, ha'mmesin epley aladı.

99. O'zin qa'dirlemeydi, hesh kim onı jaqsı qabıl etpydi, og'an ashınadı, shıdam beredi.

100. Qarama qarsı jınıstag'ılar qıyalın ko'p ba'nt qılıwınan qa'weterde.

101. O'zinin' barlıq a'detlerin jaqsı dep biledi.

Juwap beti

| *6кимлер | Бул ма2ан ул\ı7ма тийисли емес | Бул ма2ан у3самайд\ı. | Бул ма2ан у3самайту2\ıн ш\ı2ар | Билмедим | Бул ма2ан у3сайту2\ıн ш\ı2ар | Бул ма2ан у3сайд\ı | Бул тап мен 8а33\ıмда |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | | |
| 2 | | | | | | | |
| 3 | | | | | | | |

## Ko’rsetkishler ha’m analiz qılıw ushın juwaplar

| | Ko’rsetkishler | Hu’kimlerdin’ ta’rtip nomerleri | O’lshemler |
|---|---|---|---|
| 1 | Maslasqanlıq<br><br>Maslaspag’anlıq | 4, 5,9,12,15,19,22,23,26,27,29, 33,35,37,41,44,47,51,53,55, 61,63,67,72,74,75,78,80,88,91, 94,96,97,98<br><br>2,6,13,16,18,25,28,32,36,38,40, 42,43,49,50,54,56,59,60, 62,64,69,71,73,76,77,83,84,86, 90,95,99,100 | 68 –170<br><br>68 – 170 |
| 2 | Jalg’anlıq -<br>+ | 34,45,48,81,89<br>8,82,92,101 | 18 – 45 |
| 3 | O’z – o’zin qabıl etiw<br>O’z o’zin qabıl etpeslik | 33,35,55,67,72,74,75,80,88,94,96<br>7,59,62,65,90,95,99 | 22-52<br>14 – 35 |
| 4 | Basqalardı qabıl etiw<br>Basqalardı qabıl etpeslik | 9,14,22,26,53,97<br>2,10,21,28,40,60,76 | 12 – 30<br>14 – 35 |
| 5 | Emotsional komfort<br>Emotsional diskomfort | 23,29,30,41,44,47,78<br>6,42,43,49,50,83,85 | 14 – 35<br>14 – 35 |
| 6 | İshki baqlaw<br>Sırtqı baqlaw | 4,5,1,12,19,29,37,51,63,68,79,91,98,<br>13,25,36,52,70,71,73,77, | 26 – 65<br>18 – 45 |
| 7 | U’stemlik<br>Ergesiwshen’lik | 58,61,66<br>16,32,38,69,84,87 | 6 – 15<br>12 – 30 |
| 8 | Eskaplizm (mashqaladan qashıw | 17,18,54,64,86 | 10 - 25 |

## 2.2. O`ZIN-O`ZI BAHALAW BOYINSHA METODIKA

**<u>Maqset</u>**: shaxstın' o'z – o'zin bahalaw sıpatın anıqlaw.

**<u>Tekseriw ta'rtibi:</u>**

Tekseriliwshige shaxstın' ha'r qıylı sıpatları ko'rsetilgen blank beriledi. Ol usı sıpatlarg'a aldın o'z ideal ko'z qarasınan, so'n' bul sıpatlardın' o'zinde ko'riniwi ko'z – qarasınan ball berip bahalaydı. Mısalı, printsipiallıq sıpatı idealında 10 ball alg'an bolsa, bul sıpat o'zinde ko'rniwi ta'repinen a'n' ball alg'an bolıwı mu'mkin.

Esletip o'temiz, blanktag'ı sıpatlar sanı 20, en' joqarı ball 10 ball.

| № | Ideal | Uliwma sipatlar | O'zim | d | $\Sigma d^2$ |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | Jumsaqliq | | | |
| 2 | | Qizig'iwshan'liq | | | |
| 3 | | Printsipialliq | | | |
| 4 | | O'zin joqari tutiw | | | |
| 5 | | Ma`rtlik | | | |
| 6 | | Ashiq kewillilik | | | |
| 7 | | Quwnaqliq | | | |
| 8 | | Basiqliq | | | |
| 9 | | Suwiqqanliq | | | |
| 10 | | Shidamliliq | | | |
| 11 | | Ja`njelkeshlik | | | |
| 12 | | Iqtiyatliliq | | | |
| 13 | | Ha'setgo`ylik | | | |
| 14 | | O'jetlik | | | |
| 15 | | Ha'reketshen`lik | | | |
| 16 | | Oyshan`liq | | | |
| 17 | | Isjaqpasliq | | | |
| 18 | | Tapqirliq | | | |
| 19 | | Betke shabarliq | | | |
| 20 | | Injiqliq | | | |

### Alıng'an na'tiyjelerdi esaplaw ha'm analiz qılıw`

Aldın «ideal» menen «o'zim» degi sıpatlar ortasındag'ı parıq (d) anıqlanadı. Bul parıq «ideal»dag'ı bir qıylı sıpattan «o'zim»degi bir qıylı sıpattı ayırıw arqalı tabılıp, bul ko'rsetkish + 19 g'a shekem bolıwı mu'mkin.

Keyin bul parıq kvadratqa ko'teriledi (d) ha'm bul kvadratqa ko'terilgen sanlardın' ulıwma jıyındısı tabıladı.

Aqırında bolsa formula tiykarında korrelyatsiya koeffitsienti tabıladı`

u' H **Σd** $^{g'}$

Ch = a' - -----------

$(n - n^{g'})n$

Bul jerde ch – korrelyatsiya koeffitsienti;
n-ko'rsetkishler sanı;
Solay etip, shaxs o'zin to'mendegishe bahalawı mu'mkin`
q) 0,1 – 0,2 aralıqta bolsa, noadekvat pa's bahalaw
2) 0,3 – 0,4 aralıqta bolsa, adekvat pas bahalaw
3) 0,5 bolsa adekvat bahalaw
4) 0,6 – 0,8 aralıqta bolsa, adekvat joqarı bahalaw
5) 0,9 dan joqarı bolsa, noadekvat joqarı bahalawlar qatarına kiredi.

## 2.3. O`ZIN`IZDI BILESIZ BE? TESTI.

To`rt toparg`a ja`mlengen 16 bo`leklerge dıqqat penen qaran`. Olar «Ha`reket», « Tınısh, jen`il, a`sten, abaylab», « Qatan` juwapkershilikli», «Bosan` juwapkershilikli» o`zgesheliklerin anıqlaw imkaniyatin beredi. Ha`r bir topardan o`z jag`dayın`ızg`a saykes keletug`ın bir belgini tan`lan`.

| T/b | Ha`reket | T/b | Tınısh, jen`il, a`sten, abaylab. | T/b | Qatan` juwapkershilikli. | T/b | Bosan` juwapkershilikli. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| A | 4 | A | 10 | A | 10 | A | 10 |
| B | 8 | B | 8 | B | 8 | B | 8 |
| V | 9 | V | 2 | V | 2 | V | 6 |
| G | 10 | G | 4 | G | 2 | G | 6 |

**8 – 13 ballg`a shekem**. Sizin` minez – qulqın`ız birinshi gezekte a`tirapdag`ılarg`a baylanıslı boladı. Siz an`sat ruwxiy tuskinlikke tusesiz, qa`wetirge tusiwin`iz ha`m an`sat, o`zin`izge jaqpaytug`ın iske kirisiwde juda` qıynalasız. A`tiraptag`ı ortalıq sizge juda` kushli ta`sirin korsetedi. Sonlıqtanda

sizin` o`z qararlarının` pidayisi dep aytıwg`a mumkin emes. Siz o`te sezgirsiz, keypiyatin`iz sizdi basqaradı.

**14 – 20 ballg`a shekem**. Siz «ag`ımg`a qarap su`zesiz», leykin o`z usılınızdı tabıwg`a ha`reket qılasız. O`zin`izge kritikalıq qarım – qatnasta bolasız. A`tiraptag`ılar isenimli da`lillersiz sizge ta`sir ete alalmaydı. Eger siz sol waqıtqa shekem qorg`ap atırg`an na`rse kesent beretug`ın ekenligin sawlam aql menen an`lasan`ız, onnan bas tartıwg`a kushin`iz jetedi.

**21 – 27 ballg`a shekem.** O`zin`izdi ayıpsız etip esaplaysız. Siz sırtqı ta`sirge beriliwshen`siz. Shaxsiy ko`z qarasların`ız, turmısta ushırasatug`ın jag`daylarg`a iykemlesip, qolaylı aralıqtı iyelewge urınasız. İnstinktivlik ta`rizde tuwrı jol tan`lap alıwın`ız sizge a`mme waqıt ja`rdem beredi.

**28 – 34 ballg`a shekem**. Sizdin` o`z ko`z-qarasların`ız ha`m printsiplerin`izden qaytıwın`iz juda` qıyın. Kimdir sizge qanshelli ta`sir etiwge urınsa, og`an siz sonshelli qarsılıq ko`rsetesiz. Bunın` a`hmiyeti sonda, sizin` qaysarlıg`ın`ız astında qandaydir unamsız, kelispewshilik jag`dayg`a tusip qalıwdan qorqıw jasırıng`an.

**35 – 40 ballg`a shekem.** Pikirin`izden qaytarıwg`a hesh kimnin` kushi jetpeydi. Aldın`ızg`a qoyg`an maqsetin`izge erisiwde hesh na`rseni na`zerge almaysız. Sizdi jaqsı tusingen ha`m bilgen adam o`zin`izge sezdirmeydi, sizin` ha`reketlerin`izdi tuwrı bag`darlawı mumkin. Demek, kemrek qaysarlıq ha`m ko`birek aql – qabıl etiwi lazım.

"ЎЗИНГИЗНИ БИЛАСИЗМИ?" методикси




43


А
Б
В
Г


А
Б
В
Г




46

# J U W M A Q L A W

İнсан шахсını4 31липлеси7и, ра7ажланı7ı 3ıйıн, 3урамалı процесс, ол к5плеген ишки 81м сıрт3ı т1сирлер 81м факторлар ар3алı ж6зеге шı2адı.

İнсан тири екен, п6ткил 5мири да7аında 5сип, ра7ажланıп, 5згерип барадı. Балалı3, 5спиримлик 81м жаслı3 жıлларıнда шахстı4 31мал табı7ı анı3 к5зге тасланадı.

Шахс, онı4 д6ньянı били7и, 5зин 81м 1тирапта2ı инсанıй м6н1сибетлерди а4ла7ı, т6сини7и 81м 5з-ара м6н1сибетлер процессинде 5зиндеги т1кирарланбас индивидуаллı3тı к5рсети7и 81мде сол процесслерди4 жас3а 81м жıнıс3а байланıслı айıрıм т1реплерин анализ 3ılı7 бизге улı7ма ал2анда шахс – ж1мийетте жасайту2ıн ж1мийетлик жанзат, деген шешимди 3айтарı72а имкан береди

Ж1мийетлеси7 – инсан т1репинен ж1мийетлик т1жирийбени ийеле7 81м турмıс- хıзмет процессинде онı актив т1ризде 5злестири7 процесси есапланадı. !пи7айı 3ılıп айт3анда, ж1мийетлеси7 – 81р бир шахстı4 ж1мийетке 3осılı7ı, онı4 нормаларı, талапларı, к6ти7лери 81м т1сирин 3абıл еткен 8алда, 81р бир 81рекети 81м 3арıм-3атнасıнда онı ж6зеге шı2арı7ı, керек болса сол ж1мийетлик т1жирийбеси менен 5з н17бетинде 5згелерге т1сирин 5ткезе алı7 процесси болıп есапланадı.

Shaxstin` psixologiyaliq qa`siyetleri insannin` sotsial ta`rbiyasi, onin` o`mir ha`m xizmeti, ta`lim ha`m ta`rbiya ta`siri astinda payda boladi. Shaxtin` qa`liplesiwi ol jasaytug`in ja`miyet sha`riyatlari ha`mde mine usi sotsial sha`riyatlarda ol, olardan ta`lim ha`m ta`rbiya menen belgilenedi.

Ha`r bir bala jasaytug`in sotsial ortaliq bir emes, ba`lkim bir neshe qabattan ibarat. En` jaqin ha`m birinshi qabat shan`araq ortalig`i. Shan`araqqa qarag`anda ken`irek qabatti balanin` sirtqi, yag`niy bir qabatin-balanin` ag`ayinleri quraydi. En` ken` qabat sotsial ortaliq esaplanadi. Onnan tisqari is-ha`reket u`lgileri, ayrim kisilerdin` qatnasi arqali emes, ba`lkim kitap ha`m ga`zeta, radio, kino, televidenie, ja`miyette ornatilg`an nizam-qag`iydalar, adamlar, a`dep-ikramliq talaplar, milliy qa`diryatlar arqali a`melge asiriladi.

%спиримлер шахсını4 31липлеси7и процессинде ж1м11т ш5лкемлерини4 роли 6лкен 18мийетке ийе. Оларда активлик, ш5лкемлестири7шилик, еркинлик, м1жб6риятлılı3, 5з 81рекетлерин критикалай алату2ıн п1зийлетлер беккемленип барадı. %зини4 кимлигин, 3андай екенлиги, 31билийетлери, 5зин неге 86рмет 3ılату2ıнлı2ıнı4 себеплерин излей баслайдı. Дос 81м душпанларıнı4 кимлигин, 5зин 81м д5герек 1тирапıн, 1лемди били7 ушıн не исле7 керек екенлигин а4ла72а

81рекет етеди. Базı бир 5спиримлер 5злеринен 8еш 3анаатланбайдı, 5з алдıларına 81дден тıс3арı к5п 7азıйпалар 3ояту2ıн, бира3 онı орıнлай алмайту2ıн болалдı. Ерте жаслı3 д17иринде 5спиримлер ж1мийет арасıнда 5з орнıн та7а баслайдı, 1тирапıнда2ıлар менен де м6н1себетлери 5згере баслайдı.

Biraq, eger balanin` jeke aktivligi bar bolsa, ortaliq rawajlaniwina ta`sir ko`rsete almaydi. Tek g`ana jeke aktivligin ko`rsetgende g`ana bala a`tirap-ortaliqtin` ta`sirin sezedi, sonda g`ana onin` rasmiy qa`siyetlerin ko`ritiwi mu`mkin.

Шахс3а тийисли бол2ан пазıйлетлерден е4 18мийетлиси сол, ол сол сıрт3ı ж1мийетлик т1сирлерди 5з санасı менен 3абıл етип, со4 сол т1сирлерди4 субъекти сıпатıнда хıзмет к5рсетеди. İнсан баласı ерте жаслардан-а3 «мени4 5мирим», «бизи4 д6нья» деген ж1мийетлик орталı33а т6седи. Бул орталı3 сол биз билген 81м 81р к6ни сезип турату2ıн сиясат, 8у3ı3, 1деплилик д6ньясı есапланадı.